

Liv Ansèyman pou Demokrasi

Pou Anseyan yo

18 Prensip Fondanatal Pou Demokrasi

“ Ti Koze sou istwa Nadesh ak Petra”

Travay pou nou fè ak elèv yo



Dapre

Jerry Dean Epps, Ph.D.

Liv pou Anseyan yo

Pou

Liv pou Ansèyman Demokrasi

Jerry Dean Epps, Ph.D.

Marietta Georgia, USA

Enfòmasyon sou Moun ki Ekri Liv sa

Doktè Jerry Dean Epps, (li gen gwo diplòm nan etid pou ankadre moun, tankou nan Sosyoloji ak nan Edikasyon) li travay nan domèn levasyon ak konsèy pou ede moun ak sosyete a. Li te anseye nan nivo inivèsite ak nan klas elemantè tou. Li pase tout lavi li nan travay levasyon, nan chwazi divès materyèl ki ka sèvi pou sa, ak anpil lòt aktivite li renmen fè. Li te viv nan peyi zòn Lamerik la ki pale lang panyòl, kote li te enterese etidye lang panyòl la tou. Apre gwo dega ki te pase nan peyi Etazini nan dat 11 Septanm lane 2001 an, li te travay anpil poul te wè kijan lemond te kapab tounen yon milye ki ta pi bon pou moun viv. Konsa li te deside fè sikile lide sou Demokrasi kòm yon bèl okazyon pou pote patisipasyon l nan amelyore kondisyon lavi moun. Lide ekri liv sa pou lekòl timoun yo nan lemond, se mwayen ki pi adapte pou l te komanse gran travay sa. Se yon kado ki sòti nan fon kè l pou limanite. Doktè Jerry Dean Epps ap viv nan Marietta Georgia, peyi Etazini, ak madanm li. Li toujou ap travay nan ankadre moun ki pale panyòl yo, nan aktivite bay konsèy ak fè biznis. Li swete pou tout moun sou fas tè sa a ka viv lib e libè.

Pèmisyon pou ka fè kopi liv sa

ii

Liv Ansèyman pou Demokrasi Pwopriyete liv sa rele Jerry Dean Epps, Ph.D. **Gade pi ba pou gen enfòmasyon sou ansèyman yo ki ba w dwa pou itilize materyèl sa.**

Men sa ki di sou koze pèmisyon pou itilize materyèl sa ki gen pwoteksyon lalwa. Moun ki ekri liv sa espere li va sèvi tout elèv yo sou tout fas tè-a, epi tou pou ranfòse lide demokrasi a, espesyalman nan zòn peyi yo rele "tyèmond yo". Mwen frape pòt konsyans tout moun sou koze a. Silvouplè me kijan sa dwe fèt. (1) Tout sila yo ki gen mwayen pou ta peye pou yo gen dwa itilize materyèl sa, m ap tann yo fè sa. Pa ekzanp, biwo ki gen bidjè (lajan) ki toujou pèmèt yo achte materyèl tankou sila ; lekòl sa yo ki nan zòn lwès la, ak gouvènman yo ki nan lwès la tou, ect. (2) Pou sila yo ki pa kapab fè sa **mwen bay yo pèmisyon** epi mwen ankouraje yo ; se pou sa mwen te ekri liv sa. Nan kategori sa gen senp pwofesè yo ki toupatou nan lekòl pa yo, gouvènman ak sistèm levasyon ki nan tyèmond la, ki ta santi si yo gen pou peye pou liv sa, l ap difisil pou yo itilize l. Se pou gras Kreyatè-a, kèlkeswa fason w ta rele li a, mwene ekri liv demokrasi sa ansanm ak pèmisyon nou bay la. Se pou timoun yo ak tout pèp toupatou sou latè rive viv pi byen gras ak liv sa ki pral bay yo chans pou yo viv nan demokrasi. Li pral yon gran plezi pou mwen lè m ta konnen wou menm tou, ou ta sèvi ak liv la. Tanpri, pa bliye voye yon ti nòt pou di m kijan w sèvi ak li, enpi ki kalite benefis ou jwenn ladan l pou elèv ou yo.

Jerry Dean Epps, Ph. D.

Konsènan foto yo ki nan liv sa

Tout foto yo ki nan liv sa se gras ak Mark A. Hicks, enpi se li tou ki gen tout dwa Pwopriyete a. Nèg sa te resevwa anpil dekorasyon pou anpil travay konsa l te fè. Si w ale nan entènèt sou www.Markix.net w ap kapab wè anpil nan travay li yo. Poutèt li gen bon kè anpil, li te bay mwen pèmisyon pou m te sèvi ak foto sa yo nan liv la, enpi mwen genyen l rekonesans anpil pou sa. Mwen te trouve foto li yo nan DiscoverySchool.com Clip Art Image Galery, enpi mwen pwofite voye anpil remèsiman bay moun sa yo tou, paske yo te mete imaj ak foto sa yo disponib. Mwen di yon mès ak tout kè m pou DiscoverySchool.com, ak pou mesye Mark Hisks. Tè a va pi miyò kote pou moun viv gras ak kontribisyon yo bay nan sans sa.

Jerry Dean Epps, Ph. D.

POU PRAN KONTAK AK MÈT LIV LA :

Ou kapab fè sa lè w ekri li nan: drjerryepps@gmail.com
Epi tou lè ou vizite sit entènèt li nan : www.TeachDemocracy.org

iii

POU TOUT NĒG AK NĒGĒS VANYAN MWEN YO

Pou tout moun sa yo ki te oze kanpe pou libète. Gen nan yo ki te fè l nan zòn ki t ap fè lagè. Gen lòt tou ki te fè l pandan y ap defann dwa moun kont diskriminasyon. Gen tou, ki te kanpe pou defann peyi yo ; gen lòt tou ki te kanpe pou defann òganizasyon yo. Kèlkeswa kote move lavi ap toupizi moun toujou genyen nèg vanyan ki pou leve defi a epi reponn rèl libète pèp yo. Mwen solidè ak yo tout. Nan fon kè m, kit se gason ou byen fanm, sòlda ou byen sivil, yo tout se moun vanyan. Gen nan yo ki te leve kanpe pou libète yo peye pou sa ak san yo. Gen lòt ki pase tout lavi yo san janmen fatigue pou yo efase sou fas tè-a tout diktati ak tout kalite tirani ak opresyon ki makònen ak yo. Mwen swete wete chapo devan yo ak liv sa a. Se denpi lantikite gason ak fanm vanyan toujou kanpe fèm pou libète. Jodia, se tou pa m pou m reponn rèl yo. Se poutèt kòz libète a vanse, mwen ofri liv sa. Mwen èspere li pral ede gaye lide demokrasi a sou tout fas tè a. Pou tout sila yo ki pral ede mouvman an, mwen wete chapo douvan yo tou. Mwen voye yon mèsi espesyal bay madanm mwen ak tout zanmi m yo ki te ankouraje m vanse ak pwojè sa jouk nan bout.

Jerry Dean Epps, Ph.D.
Marietta, Georgia, USA

* **Men kèk dokiman ou kapab li:** The life of Natan Sharansky, yon prizonye politik ki te rive nan pozisyon minis gouvènman, se yonn nan ekzamp yo. Tanpri ankò, li listwa sa-a ak tout sa l gen ladan yo ki empòtan, ki ede mennen libète nan mond sa ansanm ak kòkenn chenn liv li a, **The Case For Democracy**, Sharansky and Dermer, 2004.

EKSPLIKASYON POU KÒMANSE

Konsènan Liv pou ansèyan yo

Byenvini. Mwen espere ou pral kontan travay ak liv sa. Ki sa ki nan liv pou ansèyan yo ? Se tout sa ki nan liv pou elèv yo plis lòt **aktivite ki kapab benefisye timoun yo tou.**

Konpozisyon liv elèv yo fèt konsa :

- (1) yon eksplikasyon ki pa twò senp pase sa sou prensip demokrasi yo ki ekri an nwa fonse
 - (2) yon prezantasyon ak imaj ak
 - (3) yon pawòl ki senp anba li plis
 - (4) yon seksyon ki pa ekri ditou men ki gran ase, enpi ki rezève pou lide moun yo nan lang pa yo, ki diferan ak lang angle a. Pòsyon sa li vini apre pati ki bay
 - (5) lide diskisyon pou prensip demokrasi a epi
 - (6) yon pòsyon listwa ki kole sou prensip demokrasi.
- Tout bagay sa yo nou di la, se yo ki konpoze liv pou elèv yo.

Ki sa ki fè diferans ant **liv ki pou ansèyan yo** ak **pou elèv yo** ? Liv ki pou ansèyan yo ranje nan fason sa (soti 1 rive nan 6) tankou jan pa elèv yo ye a, eksepte li gen yon ti zouti anplis. Zouti anplis sa li rele ‘ Aktivite’. Li montre aktivite yo ki dwe fèt ak timoun yo ki kapab ede yo konprann ak sonje prensip demokrasi yo ki endike nan chapit sa.

Mwen chwazi pou koupe prezantasyon demokrasi an 18 prensip debaz. Mwen chwazi fè l konsa pou rezon pa m sèlman. Tout 18 prensip sa yo gen sans. Sepandan, gen lòt moun ki ta kapab chwazi prezante demokrasi an 21 prensip, ou byen an 16, etc... Nan tout sa ki ekri sou ribrik imaj yo, nou kenbe prensip pou nou toujou fè l nan fason ki pi senp la. Se yon mwayen pou ede timoun lekòl elemantè yo. Tout 18 prensip sa yo la, se pou fasilite konpreyansyon ak travay ou.

18 Prensip debaz pou Demokrasi

1. La vi pi bèl nan kondisyon kote libète ap ranfòse demokrasi sou baz konstitisyon.
2. Tout moun gen menm dwa.
3. Chak moun enpòtan.
4. Denpi ou pa fè ditò a lòt yo, ou ka viv lavi w jan w vle a.
5. Tout desizyon k ap pran fòk li fèt apati vòt moun yo.
6. Tout moun ki majè gen dwa vote.
7. Se vwa majorite a ki konte.
8. Menm si w pa renmen yon lwa ki vote ak majorite a, ou dwe obeyi l.
9. Tout moun gen dwa vote nan elèksyon pou Palmantè yo ak pou administratè yo.
10. Palmantè ak administratè yo reprezante pèp la, olye se tèt pa yo.
11. Gen kèk lwa endispansab ki garanti dwa chak moun. Lè sa pa gen okenn vwa yon majorite ki ka retire dwa sa yo nan men pèp la, menm lè majorite a pi gran enpi minorite a pi piti.
12. Relijyon pa kapab di ki sa ki lalwa, se sèlman vwa pèp la kapab di sa ki lalwa.

13. Dwa pou yon moun chwazi ki relijyon li vle mache ladan, garanti ak manman lwa peyi a ki se konstitisyon an. Moun k ap fè lwa yo pa kapab di pèp la ki relijyon l dwe suiv.
14. Fòs lame a dwe sou kont moun kap fè lwa yo ak administratè yo, kidonk sivil yo.
15. Pa gen okenn moun ou byen gwoup moun ki ka fè lwa si li pa gen manda pou sa.
16. Chak ti gwoup yo kapab gen aktivite pèsònèl yo denpi yo pa antrave konstitisyon an ak lòt lwa ki ta va ékziste nan peyi a.
17. Administratè yo (tankou majistra yo pa ekzanp) yo eli pou pran desizyon ak jere peyi a nan bon dirèksyon. Yo dwe fè sa-a apati manman lwa a ak nenpòt lòt lwa ki ta vini apre. Tout jij yo gen pou devwa veye si moun sa yo fè travay yo.
18. Chak Pati politik yo lib pou bay opinyon ou byen pozisyon politik pa yo dapre sa lalwa di. Pèp la sipòte pati li chwazi a.

Men ki fason nou pale de bagay sa yo.

Lide Libète pou tout moun nan nou wè l nan prezantasyon sis (6) liv ki pou sèvi pou nivo elemantè. Premye a rele, Liv pou Demokrasi a, se li nou prezante la a. Lòt senk liv yo pral parèt nan yon tan ki pa twò lwen. Me non yo: Rule of Law (Prensip lalwa); Free Enterprise (Antrepriz Lib); Education for All (Levasyon pou tout moun); Wise and Innovative Use of Societal Resources (Itilizasyon resous yo yon fason ki entèlijan); epi Wise Innovative and Use of personal Resources (Bonjan desizyon ak Itilizasyon Entèlijan Resous moun yo).

Nan tout sosyete gen yon kantite bagay ki esansyèl, ki make lavi moun yo. Pa ekzanp, kalite bagay sa yo nou pral di la a: (1) **Gouvènman yo**, (2) **Fason yo fonksyone**, (3) **Lajan**, (4) **Levasyon**, (5) **Kijan sosyete a sèvi ak Resous yo**, (6) **Kijan chak moun sèvi ak sa li gen ki disponib**. Tout bagay sa yo gen valè yo dapre mantalite pèp yo.

Puiske nou deside travay pou yon sosyete ki pi miyò a, kote moun ka viv ladan l, nou vle yon sosyete ki ankouraje pèp yo devlope tout kapasite ak entèlijans yo genyen. Pouki sa ? Enben se paske lè pèp yo rive dévlope tout kapasite yo genyen, mond lan benefisye sa ki pi bon nan chak moun. Kidonk, lè nou gen sa ki pi bon nan chak moun, nou gen pi bon kalite lavi a.

Libète se baz fondanatal koze-a. Li montre ke **lè moun gen tout libète yo, yo pi alèz pou devlope tout kapasite yo**. Lè yo gen mwens libète, yo mwens ankouraje pou ta fè sa.

Se poutèt sa gen kesyon k ap poze : lè yo konsidere espas vital yo, **ki kalite fòm lavi ki ta ka bay pèp yo plis chans pou yo gen libète ?** Sa vle di, ki kalite gouvènman, ki kalite kontwòl, ki kalite resous lajan, elt... ki plizoumwèn an mezi pou pote libète bay pèp yo ? Kèk lòt moun ka itilize lòt kritè pou evalye ki fòm ki pi an mezi pou sa. Yo ka rive chwazi fòm ki sipòte tandans yon relijyon, ou byen ki chwazi kenbe yon gwoup moun sou pouvwa, ou byen yon fòm ki kopye fason militè fonksyone. Sepandan, nou menm nou vle fòm sa ki sipòte libète a, paske se nan yon anviwònman libète sèlman moun yo pi alèz pou yo devlope tout kapasite yo, sa pèmèt mond lan kapab vini yon espas ki pi agreyab pou tout moun viv.


Anpil moun panse fòm ki pi bon an pou sipòte aktivite libète a nan kad gouvènman se (1) demokrasi; nan fason yo chwazi pou aji, (2) se lalwa ki pou sèl otorite; nan fason resous yo itilize; (3) lè se pa leta ki gen kontwòl sou kijan biznis yo ap fèt; nan domèn levasyon; (4) levasyon pou tout moun; ak itilizasyon resous yo, (5) itilizasyon resous yo nan fason ki entèlijan, epi itilizasyon resous moun yo tou; (6) apwòch ki entèlijan ak kreyatif nan itilizasyon yo.

An gwo, **nou vle libète nan tout espas vital, tout nannan sosyete a** paske libète ankourajen mete tou sa nou genyen an valè, epi li ap ede mond lan tounen yon espas ki pi bèl ki kapab rann lavi moun alèz. Nou vle bon dispozisyon nan tout espas vital yo, pou ankouraje libète. Se kalite dispozisyon sa yo nou pale de yo nan espikasyon nou sòt bay sou demokrasi.

Tout bagay sa yo te rive ekri **pou anseye epi pou enspire** timoun yo sou demokrasi, pouvwa lalwa, endepandans aktivite biznis vizavi kontwòl leta elt... Li la tou pou ede yo konprann enpòtans enstitisyon sa yo genyen konsa yo va gen rèsponsablite pou obsève tout sa nan vi pwofèsyonèl yo lè yo vi-n responsab tou. Pandan y ap grandi konsa nan travay ak nan mete aktivite biznis sou pye, pandan y ap panse bon lide politik, epi prepare pwòp pitit yo pou benefisye avantaj mond sa, nou vle yo genyen ase bon lide ak resous pou mete kampe yon tè ki bon pou tout moun.

LIV ANSEYMAN POU DEMOKRASI

“Listwa Nadesh ak Petra”




Jerry Dean Epps, Ph. D.

Men sa ki andedan liv sa	Paj
Prensip 1. Lavi a pi miyò kote libète bay demokrasi wòl li nan konstitisyon. “ Tout pèp renmen viv nan demokrasi ”	1
Prensip 2. Tout moun dwe gen menm valè. “ Tout moun dwe gen menm valè ”	4
Prensip 3. Tout moun gen enpòtans. “ Chak moun enpòtan ”	7
Prensip 4. Toutlèfw a w pa nui lèzòt yo, ou kapab viv lavi w jan w vle a. “ Si w pa antrave lavi lòt moun, ou kapab fè sa w vle ”	9
Prensip 5. Desizyon yo dwe pase pa vòt. “ N ap deside bagay yo ak vòt ”	11
Prensip 6. Moun ki majè pou vote dwe gen yon sèl vòt. “ Se yon vòt pou chak moun ”	13
Prensip 7. Vwa majorite a ki gen pouvwa. “ Vwa majorite a ki konte ”	15
Prensip 8. Menm si w pa dakò ak yon lwa ki vote ak majorite a ou dwe obeyi l. “ KÈLKESWA moun nan, li dwe obeyi vòt majorite a ”	17
Prensip 9. Tout moun dwe vote nan elèksyon pou Palmantè yo ak pou Katèl Mèri yo (Kasèk- Asèk). “ Palmantè yo ak katèl Majistra kominal yo eli ak vòt pèp la ”	19
Prensip 10. Moun Palmantè yo ak Moun la Mèri yo dwe reprezante pèp la men y opa reprezante pwòp Tèt pa yo. “ Bon palmantè ak otorite kominal travay pou pèp la. Yo toujou vle tandè vwa pèp la ”	22
Prensip 11. Gen yon ban-n dwa ki nòmalman pwoteje chak moun. Dwa sa yo, pa gen okenn majorite ki kapab anile yo, menm lè ta gen yon gwo majorite ak yon ti minorite. “ Dwa fondamantal yo pa kapab disparèt pou okenn rezon ”	25
Prensip 12. Relijyon pa kapab di ki sa ki lalwa, se pèp la sèlman kapab di sa ki lalwa. “ Relijyon pa fè lalwa, se pèp la sèlman ki fè lalwa ak vòt li ”	28

- Prensip 13. **Dwa pou yon moun chwazi relijyon li vle a garanti ak kons- titisyon peyi a ki se pi gwo lwa sou tè sa. Moun k ap fè lwa yo pa kapab di pèsonn ki relijyon li dwe pratike.** 31
 ‘‘Pa gen pesonn ki dwe di w ki relijyon pou w pratike’’
- Prensip 14. **Lame dwe sou kont moun ki eli tankou Palmantè ak Majistra yo.** 33
 ‘‘Se pèp la ki pou rèsponsab, se pa militè yo’’
- Prensip 15. **Pa gen pèsonn ou byen yon gwoup moun ki kapab fè lalwa si li pa gen manda pèp la pou li fè sa.** 36
 ‘‘ Moun k ap fè lwa yo la pou fè volonte pèp la’’
- Prensip 16. **Kèlkeswa gwoup prive kapab gen aktivite li denpi li pa antrave sa ki di nan Konstitisyon peyi a ak lòt lwa yo ki vini apre yo.** 39
 ‘‘ Gwoup prive yo kapab gen aktivite pa yo si aktivite sa yo pa depaman ak Sa la lwa yo di’’
- Prensip 17. **Moun ki majistra yo eli pou regle zafè peyi a. Se pou yo fè sa dapre sa ki di nan manman lwa peyi a ak tout lwa ki vini apre yo. Moun ki reprezante la jistis yo dwe asire yo sa fèt konsa.** 42
 ‘‘ Moun ki jij yo gen rèsponsabilite pou yo veye tout sa fèt nan règ’’
- Prensip 18. **Chak Pati politik gen dwa gen pwendvi politik pèsonèl pa yo. Pèp la mache dèyè Pati ki fèl plèzi-a.** 44
 ‘‘ Pèp la sipòte Pati li wè ki pi bon pou li a’’

Prensip 1: Lavi a pi miyò kote sosyete a bay demokrasi a fòs konstitisyon.



(All illustrations are copyrighted by Mark Hicks)

“People like to live in a democracy”

Tou-t moun renmen vi-v nan demokrasi

Tout moun renmen libète. Lè moun yo ap travay, yo ka achte sa yo bezwen pou manje nan magazen ou byen jwenn ledikasyon, yo renmen viv nan demokrasi. Okenn lòt pèp pa kapab di yo ki sa pou yo fè. Èske w t ap renmen sa wou menm pou lòt moun ta di w ki sa pou fè? Moun yo renmen sa lè yo pa gen kè sote paske lame kapab vi-n pran yo pote yo ale nan mitan lannuit. Èske w p ap fache ni tris an menm tan si ou ta wè chèf vi-n pran moun nan fanmiy w pote yo ale ? Moun yo santi yo alèz lè yo gen mo pa yo pou di sou kilès ki pral lidè yo. Moun sa yo renmen wè lè tout moun gen pwotèksyon lalwa. Se poutèt sa moun yo kontan viv nan demokrasi. Travayè yo, bizisman yo ak timoun lekòl, yo tout gen yon lavi miyo paske y ap viv nan demokrasi.

Yon ti listwa :

“Se listwa Nadesh ak Petra”

“Èske w reveye ?” Nadesh mande Petra tou ba.

“Wi,” li reponn, tou piti kote li te kouche a sou kabann li atè a sou sak yo nan bato transpò machandiz la. “ Sak sa yo tèlman di mwen pat rive pran somèy”.

Yo te kouche sou sak sa yo denpi twa senmenn konsa, enpi kaptenn bato a pat janm sispann fè travay bato-a bat yo denpi lè yo te pran yo ak fòs.

“Nadesh, èske n ap janm wè fanmiy nou yo ankò?” Yo pat wè paran yo denpi lè èskanmotè sou dlo te rive fè anpil dega ak piyaj kote yo t ap viv la bò lanmè-a. Eskanmotè sa yo te rive boule kay yo rapyetè. Nadesh ak sè li, Petra, te viktim vyolans epi yo te rive trennen yo rive jis nan bato a. Li pat fasil ditou pou yo te sonje ti bout lavi ki te nòmral. Men omwen, yo te gen lavi. Granmoun ki te kaptenn nan pat gen bon jan ak yo, men li te fè yon jan pou l te veye sou yo lajounen. Lannuit, li te fèmen yo nan yon ti chanm kote li sere machandiz yo pou pwoteje yo. Konsa mesye yo ki nan bato a paka anmède yo.

“Non, mwen pa panse n ap wè yo ankò,” li di tou ba. Pat gen brui lè yo t ap pale konsa pandan y ap siye dlo nan je yo. Apre, yon ti fason pi klè, Nadesh pale ankò. “Mwen te tande granmoun kaptenn nan t ap pale ak sila ki rèsponsab mesye matlòt yo tou suit apre yo te fin manje”.

“Èske se sila ki gen yon grenn zye l bouche a... ki gen ponya-a nan sentiwon-l lan?”, li mande l.

“Enhen, se li wi. Men mwen te tande tou kaptenn nan di li yo pral lage nou bò dlo-a nan maten. Yo di ke zòn sa rele Big Tree Land (Savann Gran Bwa).”

“Mwen pral kontan lè m kite isit la,” Petra di. “Men pouki sa se nan zòn sa? Yo te kapab depoze nou nempòt lòt kote,”

“Ebyen,” Nadesh reponn, “kaptenn nan te eksplike nou kapab gen chans pou nou sove nan zòn sa. Li te di moun nan katye sa pp mal viv ak nou ditou, paske y ap viv nan demokrasi.”

“Si se konsa, kisa ki tèlman bon sou de..de..de-mok..ra..ra..si konsa?” Petra mande l.

“Ebyen, kaptenn nan te di li te toujou tande pale de moun k ap viv nan demokrasi. Mwen panse li reyalize ke sa ap bon pou sekirite nou enpi li pa oblije kenbe nou nan yon depo machandiz konsa chak swa,” Nadesh di li.

“Mwen swete li gen rezon,” Petra reponn. Yon ti silans vini, epi somèy te pran yo.



Antretan, sou do bato a, kaptenn nan t ap navige ak tout vitès pou rive sou rivaj Big Tree Land (Savann Gran Bwa). Li te gen plan pou li depoze yo sou rivaj la anvan solèy ap leve epi chape kò li anvan okenn moun ta rive poze l kesyon! (*Listwa a ponkò fini.....*)

Aktivite a: Aktivite sa montre moun yo renmen chwazi lidè yo vle. Pran apeprè (pou piti 2 moun, pou pi plis 5 moun ki vle patisipe. Fè sila yo ki pa vle fè volonte yo rete chita enpi mande yo pou yo jwe wòl moun ki granmoun nan bouk la. Mete sila yo ki volontè yo a kote epi montre yo pou yo (1) fè sanblan (men pa touche lòt timoun yo) nan fason yo ranje kò yo ak vwa yo ak figi yo, ou ka petèt gen pou fè l pou yo anvan, epi (2) fè yo mache nan “bouk la” enpi di yo vin pran kontwòl bouk la nan men yo jodia menm. “Se nou k ap kòmande apati jodia.” Si sa twò amizan nan premye fwa-a, fè yo fè l yon lòt fwa, men fwa sa san griyen dan. Mande sila yo ki pi konprann yo pou yo fè lòt yo mete yo “an ran”, “fas ak miray”, “bouch fèmen” etc. Menm si lòt yo pa rive fè sa ki mande a, fè sila yo ki konprann yo fè l ak seryezite epi kontinye ap bay presyon. Apre sa, mande abitan bouk la si yo renmen sa lè lòt moun ap pran desizyon san yo pa patisipe. Mande yo èske li bon konsa pou nèg vin ap kòmande lòt. Ou te kapab montre kalite dirijan sa yo pa toujou popilè.

Lòt aktivite ankò : Chwazi kèk elèv ou fè pase pou “chèf kòmandan” nan yon gouvènman demokratik. Fè lòt yo fè tankou y ap dòmi lakay yo nan bouk la (pa

reveye yo anvan demen maten). Fè kòmandan an rantre nan bouk la san yo pa konnen, epi pati ak yonn ou byen kèk nan yo, epi nan maten mete yo ansanm pou yo reyalize gen kèk nan fanmiy ak manb zanmi yo ki pa la. Kouman w santi ou lè moun pran zafè w ? Èske li fè sans pou wou lè pa gen lalwa pou bay moun pwotèksyon ? Pou fini ak aktivite sa, ou ka petèt li paj ki gen diskisyon an ak tout gwo vwa ou yon lòt fwa ankò. Montre nan demokrasi gouvènman se POU pèp non KONT pèp. Epi di tèt ou, ‘ Tout moun renmen viv nan demokrasi,’

Prensip 2 : Tout moun egal ego



“All people are equal”

Nou tout egal ego sou latè

Kote gen demokrasi diferans ant moun yo pa yon pwoblèm. Yon moun toujou egal ak tout lòt yo. Petèt ou te fèt kokobe safè w gen pou sèvi ak chèz woulant. Pètèt ou te fèt nan ras amériken nwa epi sa fè w gen koulè po nwa. Gade ameriken an. Gen kèk moun ki kapab pran plèzi sou li paske li mache nan yon lòt relijyon ki diferan ak pa yo a. Nan demokrasi nou paka di, “ li pa egal ak nou paske li gen koulè po nwa”. Nou paka di,” fanm sa pa menm jan ak nou paske li chita sou chèz woulant la”. Solèy la klere menm jan pou tout moun. Li pa chèche konnen si yo gen diferans ant yo. Nan demokrasi nou tout egal ego menm si gen diferans ant nou. Kèlkeswa relijyon w pratike a, kantite lajan w ka genyen, ki koulè po kò w, si w se gason ou byen fanm ou byen si w domaje, ou toujou egal ego ak tout lòt moun yo! Nan demokrasi nou tout egal ego. Denpi w se moun ou ye, ou egal ego ak tout lòt yo !

Ti Listwa:

Jan li te prevwa sa, pa gen kesyon ki te poze paske pat gen pèsonn ditou ki te prezan sou rivaj la nan lè sa. Zòn nan te sanble ak yon dezè paske pat gen moun la. Enpi, anvan menm yo te rann yo kont de sa, yo te la pou kont yo sou rivaj la, kaptenn nan ak bato a, ak tout matlòt li yo te gen tan met van nan vwèl yo. Sete yon moman soulajman pou yo, lè yo te lwen vye sant depo manje yo, men konyè-a, lè yo pou kont yo sou rivaj la, yo te gen kè sote anpil.

“ Gade non Nadesh” Petra di li, “ mwen wè yon gwo kay pi lwen laba a, epi gen lafimen dife k ap soti nan yon cheminen tou. Gen lè y ap kuit manje nan kay sa.”

Yo toulede te grangou anpil. Men èske moun ki nan kay sa p ap wè sa etranj pou de timoun parèt nan lè y ap manje a pou mande yo moso manje. Anplis de sa, rad ki sou yo te sal enpi chire nèt. Yo pat sanble ak anyen. Pat gen anyen ki ta di moun yo pa pral griyen dan sou yo. Si yo pat grangou konsa, yo pat ap janm riske yo.

Nadesh di: “ Sètènman yo pral panse yo gen plis valè pase nou!”. Men, yo pran chans avanse pi pre kay la. Pandan y ap vanse pi pre toujou, yo te pran sant manje a ankò. Moun sa yo pral pran dejnen, èske y ap jwenn ti kras ladan ?

Se konsa yo te rive devan pa pòt la. Yo te frape. San pèdi tan yon gwo madanm nwa ak bijou sou tout kò li te louvri pòt la. Yo te ka jis gen tan fè yon ti koudèy sou kòkenn fanm sa, men pat gen tan pou yo te gade l byen. Se konsa li di yo rantre non. Li te fè yon ti bak an naryè yon ti moman pou l te gade yo byen, ak de men l sou bò senti l.

Li di: ‘‘ me lakuizi-n nan’’, ‘‘suiv mwen !’’

Te gen tout kalite moun bò kuizi-n nan ! Te gen sa ki te gra, sa ki te ti fenfen, sa ki te gwo, ak sa ki te flengen, ti kò tou. Yo tout te chita la tankou yo t ap panse yo menm sete dènye kalite ras moun sou fas tè sa. Yo tout t ap manje yon ti kichòy. Sete tankou Nadesh ak Petra te vin deranje yo nan lè manje a. Men, gwo madanm nwa a ki gen anpil bijou sou li a te pran ka yo. Li t ap di tout moun yo pran ti moso nan sila ak nan sa. Li te sanble li t ap fè yon jan pou tout moun te jwen ase manje nan plat yo.

Nan lè sa-a, Nadesh ak Petra te gen asyèt pa yo tou, yo te renmen manje a. Moun sa yo konnen kijan yo fè bon manje papa ! Apre sa gwo madanm nan ranje kò l bò tab la tou. Prèske tout moun yo ki te la a te kanpe manje pou te vire gade nan dirèksyon madanm nan.

Yon ti moman apre li te di ‘‘ Nou konn kòman sa fèt pa bò isit la. Pèsonn pa pran woulib sou lòt la tandè. Epi pèsonn pa dwe anniye pèsonn non plis tou. Se mwen ki mèt kay la, konsa tout moun ka dòmi ak manje isit la, denpi yo ta rèspèkte limit yo enpi yo pa bay pwoblèm’’. Li te kontinye pou l di, ‘‘ men nou gen nouvo moun ak nou la, natirèlman, yo pral ede nou fè travay tankou tout moun, si toutfw a y ap gen pou rete abite isit la’’. Li te voye je gade yo pandan li t ap di sa.

‘‘ Èske nou gen lòt kote pou nou ale ? Èske nou ta vle rete isit la ak nou ? Li te mande yo.

Nadesh ak Petra te sezi anpil lè sa. Yo pat di yon pawòl, se tankou chat te pran lang yo. Sèlsa yo te ka fè sete rete rèd tankou jibis, yonn ap gade lòt, epi gade madanm nan tou.

‘‘Oke, yo pral rete,’’ madanm nan te di yo lè yo pat reponn. ‘‘Tout moun ranje kò nou pa bò isit, enpi m vle pou kèk nan nou ta montre de sila yo sa pou yo fè.’’ Li vire gade Nadesh ak Petra ankò, enpi li di, ‘‘ mwen pral sòti pou yon ti moman, pa enkyete nou, zanmi mwen yo ap pran ka nou byen. Mwen pral nan mache nan bouk la, èske nou pa bezwen kichòy ?’’. Yo te rete bèkèkè. Madanm nan te ale.

Tousuit yo t ap travay tankou tout moun. Te gen atè a pou te netwaye, asyèt yo pou lave, fatra pou boule ak kabann yo pou ranje. Pat gen pèsonn ki pat travay. Nadesh te sonje granmoun kaptenn nan te di nan bouk ‘‘Savann Gran Bwa’’ se demokrasi nèt al kole. Gen lè sanble ti kay sa sete yon ti sosyete demokratik nan sa moun y ap viv nan gran demokrasi ki nan bouk Savann Pye Bwa-a.’’Wi,’’ li te sonje, ‘‘ mwen ap parye nan demokrasi tout moun egal ego, se konsa li ye isit la. Yo pat pase nou nan rizib lè nou te rive a, enpi yo te pran ka nou tankou yo te pran ka tout lòt moun yo, tout moun te rantre nan travay’’. Gen lè pat gen ni èsklav ni mèt isit la, tout moun te egal ego.



Travay la te kontinye jiska nan maten. *(Ti koze a ponko fini...)*

Aktivite a : Kòmanse ak yon ti diskisyon. Poze kesyon sa. “ Ki moun ki ta dwe gen pi plis pouvwa sou tè-a ?” Timoun yo pral di se moun ki gen anpil enfliyans yo. Yo ka pale de moun ki save yo ou byen lòt moun yo panse ki kapab ede tè-a pi byen. Ou byen, yo ka di se moun ki gen anpil lajan ak pouvwa yo. Ekri tout non sa yo di yo sou tablo a. Sa enpòtan anpil, se pou pwofesè yo ta ajoute non “nenpòt” lòt moun nou konnen. Mete pou yo chak yon rezon ki fèe moun sa ta dwe “ gen plis valè”. Ou kapab di, “ Oh, èske sa ta vle di moun rich sa dwe gen plis konsiderasyon pase yon savan ?” Alòs, ou menm kòm pwofesè ka di, “ Mwen vle tandè sa chak moun gen pou di, sepa sèlman savan an.” Epi, “ èske sa ta vle di yon moun ki diplome dwe gen plis valè pase yon lòt ki pa gen diplòm ?” Pwofesè a kapab di, ” sa ki fè yon moun egal ego ak lòt moun yo nan demokrasi ?”

Pwofesè-a ka di ankò, ‘Maria te fè 10 sou 10 pou dènye ekzamen an. Èske nou ta dwe fè l pase pou moun ki ta gen plis valè pase lòt yo?’ Fè diskisyon an mache jiskaske w ta santi pa gen anyen ki ta vle montre gen moun ki santi li pi moun pase lòt. Se pa ledikasyon, se pa lajan, se pa bèl figi, se pa nan ki ras ou sòti, se pa koulè po kò w, etc. Inik bagay la se paske w se moun ki fè w egal ego ak tout lòt moun yo nan yon demokrasi. Ou kapab fini konsa, ”Sonje, solèy la klere pou nou tout !” Chak moun gen menm chans pou wè solèy la.”

Yon aktivite ankò : Koupe yon “gato” (ki fèt ak papye ou byen nenpòt lòt bagay) yon fason pou moso yo pa menm valè. Koupe yon lòt “gato” ankò ak ti moso ki egal, menm jan. Mande klas la, pou yo fè tankou se yon gato tout bon vre. Yum, yum, a la li gen bon gou ! Konnyè a, mande yo kilès pou ka sèvi yo, sa ki moso egal la ou byen sa ki pa egal la ? Fè sa yon jan pou yo ka konprann sa ki pi nòmal la, se lè chak moun jwenn nan “gato” ki egal la.

Prensip 3 : Chak moun gen enpòtans li.



“Every person is important

Chak moun gen enpòtans li.

Ou enpòtan jisteman paske w te fèt sou tè sa. Bagay sa, se limenm sèl, ki ba w enpòtans. Pouki sa? Paske chak moun gen yon bagay li kapab ofri sosyete l. Si nou pa pataje talan nou yo, ak lide nou yo sosyete a pap jwenn yo. Lè sa, lavisa ap tris anpil. Pa gen de moun ki menm jan sou tè-a. Nou tout nou diferan yonn ak lòt. Ameriken an pa sanble ak jènn fiy sa ki nan chèz woulant la. Se diferans sa ki fè nou pi fò kòm sosyete. Se chak moun ki gen yon bagay pou li pote bay gwoup la, okenn lòt moun pa genyen. Sonje, pa gen de kalite moun ki menm jan, yo chak gen yon bagay pou yo pote ki pa sanble ak sa lòt la genyen an. Li pa t ap yon bèl bagay pou nou ta pèdi diferans sa yo. Diferans nou yo fè nou fò anpil. Èske w ta panse nèg Afriken sa ta gen lide ki diferan ak nèg Ameriken an ? Natirèlman monchè ! Lavi yo pa menm bagay. Yo pa fè menm eksperyans. Epi, jènn fiy nan chèz woulant la sipoze gen yon lòt lide ki diferan ak moun ki pa nan chèz woulant.

Gen lòt rezon ki fè chak moun diferan de lòt. Se paske nou chak gen yon bagay ki fè valè nou ; se emosyon nou yo, rèv nou yo ak lespwa nou. Gen lespwa, emosyon ak rèv, tou sa yo se bagay ki fèt pou moun. Èske-w pa panse nèg Afriken sa ta renmen gen yon lavi ki miyò? Èske dapre ou li gen emosyon, lespwa ak rèv tou? E nèg ameriken sa tou? Èske li gen emosyon, lespwa ak rèv? Èske jènn fiy ki nan chèz woulant la dwe sibi move trètman paske li se fanm? Li menm tou gen emosyon lakay li. Èske li ta dwe gen mwens valè poutèt li kokobe a ? Èske moun ki sou chèz woulant yo gen lespwa ak rèv tou? Li kokobe men li toujou gen valè li paske li se yon moun. Pa gen moun ki pi enpòtan pase lòt. Chak moun diferan ak lòt epi chak moun gen pwòp emosyon pa l, lespwa pa-l ak rèv pa-l. Se sèlman paske-w se yon moun ou enpòtan nan yon demokrasi. Solèy la leve pou nou tout.

Ti koze a kontinye :

Lè pou yo te al manje nan mitan jounen an te rive. Gwo madanm nègès la te retounen sòt nan bouk la. Tout moun te mete men ansanm pou prepare sandwich, bwase soup la ak bon ji pou bwè. Manje sa te bon menm jan ak sa maten an. Yo te chita anba yon pye bwa devan lakou-a.

Figi madanm nan te serye anpil, tankou li t ap panse ak yon bagay ki enpòtan. Yon ti tan apre li te di.

“Nou toulede timoun sa yo nou enpòtan tou. Chak moun ki la-a enpòtan tou. Èske nou konnen pouki sa mwen di sa ?” Li te mande. Yo pat konnen.


“Enben,” li te di ankò, “Yo te elve m pou m te toujou pansee tout moun enpòtan. Chak moun se yon moun, chak moun gen emosyon pa li, epi tou chak moun gen kichòy pou li ka bay lòt moun yo. Tou sa se paske chak moun diferan ak lòt. Nou gen msye Wilson A. Bentley pou nou di mèsè paske li aprann nou pa gen de moso lanèj ki menm jan. La nati fè yo chak ak yon ti diferans yonn ak lòt. Ebyen, se menm jan pou nou tou, pa gen de nan nou ki sanble tankou de gout dlo vre. Se diferans sa ki pèmèt lavi-a enteresan. Konsa, chak moun enpòtan paske yo chak, gason tankou fanm, gen yon bagay ki diferan li ka pote ak sa lòt moun akote l ka bay.” Li ta sanble li te fi-n pale. Ebyen se konsa! Li te mennnen yo deyò a sèlman pou l te di yo yo chak enpòtan! Men li te kontinye pale toujou.

(Ti koze a ponkò fini.....)

Aktivite a : Mande : Ki moun ki ta pi enpòtan sou tè-a ? Ekri sou tablo a tout sa elèv yo ta ka di. Gen lè yo ta gen tandans pale de moun yo kwè ki ta gen kèk kalite yo ta jije enpòtan pou yo. Apre fin gen kèk non sou tablo a, ou kapab di yo, “ Oh, èske sa ta vle di yon moun ki rich ta dwe gen plis enpòtans pase yon savan ?” Epi, “èske sa ta vle di yon nèg ki gen diplòm ta dwe pi enpòtan pase sila ki pa gen okenn diplòm ?” “Ki sa ki reyèlman bay yon moun enpòtans nan demokrasi ?” Avanse ak diskisyon an jiskaske w ta santi pa gen anyen ki pou ta fè yon moun pi enpòtan pase yon lòt moun. Se pa ledikasyon, ni lajan, ni bèl kò, ni ras, ni koulè po kò w etc. Se san diskisyon se paske w se moun ki fè w enpòtan nan demokrasi. Ou kapab fini ak sa, “Pa bliye : solèy la klere pou nou tout !”

Yon Aktivite ankò : Nan pwèn nou rive la a, anpil elèv pral konprann sa nou di la a : pa gen pi plis bagay yon moun bezwen pou bay enpòtans nan yon demokrasi paske li se yon moun. Pou bay lide sa plis fòs toujou, chwazi kèk kalite moun dwe genyen epi fè yon tès ak elèv yo. “ Miguel sanse pi wo pase Jean. Èske Miguel dwe pi enpòtan pase Jean ?” “Elaine gen je ble epi Sonia gen je mawon. Èske Sonia pi enpòtan pase Elaine pou sa ?” Fè demach sa ak lòt kalite koulè cheve, pozisyon nan sal la, avèk non moun ki wo ak sa ki kout etc. Elèv yo ap rive konprann se pa kalite sa yo ki fè yon moun enpòtan nan sosyete demokratik.

Prensip 4: Denpi w pa kontrarye lòt moun ou ka viv lavi ou jan w vle.



Denpi w pa deranje lòt moun ou ka fè sa w vle.

Ti fi a ap plante flè yo paske li renmen fè sa. Li pa fè pèsonn di tò. L ap viv nan demokrasi, konsa li pa gen pou mande leta pèmisyon pou sa. Menm si gen moun nan leta a ki pa renmen l, li kapab toujou plante flè yo. Plante flè pa deranje pèsonn, konsa li kapab fè l denpi li renmen fè l. Nan kèk peyi se pou ka gen zanmi nan leta a anvan w ka fè travay chapant pou bati pwòp kay ou. Kèk fwa moun ki pa gen zanmi pa yo nan leta a yo toujou anpeche yo bati kay. Men nan demokrasi ou kapab yon bès chapant si w ta vle. Ou dwe fè metye chapant ak prensip pou pa mete lavi lòt moun an danje. Èske dòktè fè moun di tò ? Non, li pa fè sa. Enben, li ka etidye pou l vi n doktè, reyisi ékzamen yo, epi renmen travay kòm dòktè. Pèsonn pa ka di l li pa ka vin dòktè. Denpiw pa deranje moun, ou kapab sèvi nan nenpòt relijyon ki fè w plezi. Denpi w pa deranje aktivite lòt moun, ou ka pale nenpòt lang ou vle. Nan demokrasi, ou ka viv lavi w jan ou vlw a denpi w pa bay lòt moun pwoblèm.

Ti koze ap kontinye :

“Eske nou kapab di m pouki sa nou menm timoun, nou pou kont nou san paran ?” Kòm yo te rakonte l sak te pase yo. Yo te rakonte kijan èskanmòtè sou lanmè te demoli bouk lakay yo, mete dife epi touye moun yo. Yo te rakonte yo kijan yo te pran yo mete yo nan yon bato epi chak swa yo te fèmen yo andedan chanm machandiz yo. Yo te pale kijan yo te gen laperèz lè yo t ap apwoche bò kay sa ak bon sant ki te fè yo santi te gen manje k ap kuit nan kay sa.

“Nou te kontan anpil lè nou te wè kijan ou te pran ka nou”, Petra di l. “Mwen anvi wè fanmiy mwen yo anpil...men mwen pa kwè sa ap janm fèt,” li di ak yon ti vwa tris.

“ Mwen pa kwè sa tou,” Nadesh reponn. “ Mwen rayi kaptenn bato a ak tout matlòt atoufè li yo! Yo pat gen okenn dwa pou yo te boule kay nou epi tou vole zafè nou! E sa ki pi rèd la,” li te ajoute, “fanmiy nou yo gen lè mouri.”

Sa te fè Petra fache tou, epi li te di, "Mwen rayi lè y ap di, moun ka fè sa w vle !" Yo konnen byen pa gen anyen nou ka fè nan ka sa. Nou se timoun nou ye !"


Gwo madanm nan di, "Mwen pa kontan ak matlòt atoufè sa yo ditou," "Gade non, pandan m sonje sa, mwen rele Elena, m konnen konnyè-a nou rele Nadesh ak Petra." Apre yon bon tan san pale, Elena te kontinye pou l di, "N ap viv nan demokrasi isit la nan bouk 'Gwo Pye Bwa a'. E sa vle di chak moun kapab fè sa ki fè l plèzi, sa-m di la a li klè pou tout moun, denpi sa pa deranje lavi lòt ! Sete toujou konsa sa ye isit la. Fè sa ki fè w plèzi, sonje fòk li pa bay lòt moun pwoblèm ! Matlòt atoufè sa yo, ki te boule kay nou yo, ki te maltrete fanmiy nou yo epi ki piye zafè yo, nou rèkonèt, yo fè moun mal, e se yon move babay sa ye !" Li ta sanble gen lè fache pou sa matlòt atoufè yo te fè a. "Pito yo pa janm mete pye pa yo bò isit la ankò. Nou gen lalwa isit la epi nou konnen ki sa pou nou ta fè ak moun ki pa rèspektè lalwa ! Jan de moun sa yo pa pare pou viv nan demokrasi."

Menm lè sa pa ranje sak te pase a, Petra ak Nadesh te santi yon soulajman tou piti paske yo te nan mitan nouvo zanmi yo, Elena, ki te kanpe ak yo. Yo gen konfyans si matlòt atoufè sa yo ta retounen pa bò isit la nan bouk Savann Gran Bwa-a, yo t ap gen anpil eksplikasyon pou yo ta bay.

(Ti koze a ponko fini...)

Aktivite a : "Ti moun yo, lè sa se lè pou rekreyasyon." (Kòmanse ak yon aktivite ki pa deranje yo ditou) Ekzanp : "Anna, èske ou ka vini devan klas la pou chante yon ti chante pou nou ?" Mande lòt elèv yo, "Èske si Anna ta chante pou nou sa t ap deranje nou ?" Non, li pa t ap deranje nou yo di. Si w gen tan, fè Anna chante. Men si w pa gen tan, di l mèsè paske li te dispoze fè l. Konnyè a, paske w vle montre yo sa, chwazi, yon "aktivite klas la pa renmen." Rele, "Philip, vini devan klas la ak Samuel pou montre nou kijan w kapab bat li !" Di, "Oh, non pa fè sa ! Timoun yo, èske Philip ka fè sa sèlman poutèt paske li vle fè l ?" Non, Non. "Pouki sa li paka fè l ?" Si yo pa ta reponn tousuit, montre yo li pa ka fèl paske sa pral deranje lòt moun. Yon lòt kote, Anna li menm te ka chante, paske li te vle fè l epi sa pa t ap choke pèsonn. Èske lòt aktivite konsa, ki kèk fwa rive deranje yo, ki kèk fwa pa deranje yo tou, jiskaske tout timoun yo konprann sa n ap pale de li a. (ekzanp: Pran lajan san w pa mande, olye w mande lajan prete, fè yo konpliman olye yo bay yon lòt fo non, etc.)

Prensip 5 : Tou t desizyon dwe pase ak vòt nan elèksyon.



“We decide things by vote”

Se nan elèksyon pou nou deside bagay yo

Konbe timoun ki leve men yo, nan foto sa? Konbe nan yo ki pa leve men anlè yo tou? Ki sa w panse y ap fè la? Kèk fwa li yon ti jan difisil pou deside sak pou fèt la. Yon jou kèk elèv nan klas la di, “Ann jwe boul,” kèk lòt di tou, “ann fè yon chato.” Kèk nan yo pat vle jwe boul, kèk lòt te vle fè yon chato. Yo te vle al fè yon ti mache petèt yo te ka kenbe kèk ti bèt ki enteresan. Mèt la di yo, yo dwe chwazi yon sèl bagay pou tout klas la. Kijan pou yo ta deside sa ? Petèt fòk yo ta fè sa timoun rich yo vle a. Petèt fòk yo ta pete goumen ant yo epi sak bat la se li ki ta gen lavwa ochapit. Ou byen, yo te kapab fè sila yo ki pi gran an, ou byen sila yo ki pi entèlijan yo, chwazi ki sa ki pou fèt la. Èske w ta renmen se fason sa yo pou w chwazi tou? Anpil fwa li pa fè sans pou se moun ki gen lajan, ou byen sila yo ki pi entèlijan yo, ou byen nèg gwo ponyèt, ki pou deside bagay yo. Lè gen desizyon ki pou pran nan demokrasi, nou vote. Ki sa elèv sa yo nan foto a ap fè la dapre nou? Èske w pa panse se vote y ap vote ? Lè nou itilize vòt pou nou regle bagay yo nou evite fè san koule epi nou tande vwa tout moun nan sosyete a. Vote se pi bèl mwayen nou chwazi pou pran desizyon nan demokrasi.

Ti koze a :

Elena te di, “Oke, vini pa bò isit konnyè-a,” “nou pral pran kèk desizyon, epi n ap òganize yo apre nou fin manje aswè a.” Yo suiv li nan kay la, epi y ap prepare ansanm sa yo pral manje aswè a. Petra li menm ki t ap travay tou, l ap mande ki kalite desizyon ki pral pran, èske se poutèt li menm ak Nadesh, enpi kòman desizyon sa yo pral sòti. Li tap imajinen kijan Nadesh pral fè pou l ta mete men ti mesye yo atè nan fè fòs ponyèt pou l wè si yo ta ka rive genyen dwa pou yo ta rete isit la, enpi viv ak Elena nan kay la. Apre, gen kèk lòt lide te vin pase nan tèt li ankò. Petèt yo pral mande yo pou yo ta rale ti bwa tout longè yo, pou wè si yo ka gen dwa rete ti bwa kout pèdi, ti bwa long genyen. Men, li t ap gade pou l wè. Lè travay apre midi yo fini enpi manje a pare, Petra pran yon sipriz. Se konsa Elena te anonse lè a rive pou deside si tout moun ki la ta va aksèpte Nadesh ak Petra rete ak nou pi lontan, ou byen kite yo rete avèn pou detwa jou sèlman epi fè yo ale.

Men pi gwo sipriz la toujou, se lè Petra pa wè okenn ti baton ditou, ni pèsonn pa pare pou ta fè fòs ponyèt. Antouka sete yon bon atmosfè la fanmiy. Enben me sak te pase.


Elena di, ‘‘Ann vote. Tout sila yo ki ta va anfavè pou yo ta rete pi lontan avèn, leve men dwat nou.’’ Konsa prèske tout moun te leve men yo ! Wow ! Sa enteresan ! Kèlkeswa yo te mete rete ou non, sou vòt, antouka yo pote laviktwa !

Nadesh te di, ‘‘ Se sa, nou...nou...pral rete ? Li te sezi men an menm tan li te kontan tou.

Elena bò kote pa l di. ‘‘Wi,’’ ‘‘ Se konsa nou deside bagay yo nan demokrasi, nan bouk Savann Gran Bwa a se demokrasi nou konnen.’’ ‘‘Nou vote epi li pase. Ou pote laviktwa ! Ou gen dwa rete isit la !’’
(Ti koze a ponko fini.....)

Aktivite a : Ekri sou tablo a kèk aktivite ki enteresan. Epi, Fè yon fason pou zòn nan pa gen anyen ki ka kòz danje pou moun. Pran yon liv, kenbe l nan men w. Apre sa, san w pa avèti pèsonn, di, ‘‘ Mwen pa trò konnen ki kalite aktivite nou pral fè jodia, kèlkeswa moun ki pran liv sa anvan nan menm, li gen dwa pou l di ki sa ki dwe fèt.’’ Ou ka sezi wè gen yon silans nan sal la, jiskaske yonn ou byen plizyè nan elèv yo prese vini pou pran liv la nan men w. Ak mokri, pwofesè a ap di,’’ Entèl te rive anvan, konsa nou gen pou nou fè sa l di a !’’ ‘‘Èske nou panse se yon bon fason pou bagay yo ta deside ?’’ Ankouraje yo di sa yo panse kòm kritik sou fason sa. Apre,’’ oke, nou kapab eseye deside yon lòt fason. N ap kite twa moun ki gen cheve pi long yo deside.’’ Fè tankou w serye epi mache nan sal la tankou w ap eseye wè ki twa moun ki ta gen cheve konsa. ‘‘Nou vle wè kilès ki gen cheve ki pi long pou yo ta deside ki aktivite ki pou fèt.’’ San w pa rann ou kont, wap jwenn nan yo ki leve kanpe pou kritike fason sa kanmenm. Lè sa a, mande èske lòt elèv yo renmen fason sa. Ankouraje yo diskite ant yo. Pouki sa fason sa pa bon ? Ki moun ki anfavè l ? (Sèlman moun yo ki gen cheve long yo) Èske li fè sans pou toujou gen moun ki pwofite epi lòt pa pwofite ? Eksplike yo se yon verite tou se pa tout moun ki jwenn sa yon chèche a. Men, nan fason nou chwazi pou pran desizyon yo san paspouki, nan demokrasi, li fè mwens mal. Nan demokrasi bagay yo deside ak vòt, men se pa ka la fòs, se pa nan gwo ponyèts. Entèvni ak ti pawòl sa,’’Kote gen demokrasi nou deside bagay yo ak vòt, e non ak fòs zam afe.’’

Principle 6 : Moun ki nan laj pou vote, yo ka vote yon fwa sèlman.



-----“One vote for EACH person”-----

Chak moun gen yon vwa


Nan demokrasi, moun ki gen laj ase ak eksperyans tou pou konprann pou ki rezon yo dwe vote a, yo dwe vote yon fwa. N ap pale de moun ki gen laj ak eksperyans tou pou vote. Èske w panse tout moun ki gen laj pou vote ta dwe fè sa ? E si yo pa dakò ak lame a ? Ou byen, e si yo se pòv ? E si toutfwa yo ta nan chèz woulant ? Nan demokrasi, menm si yon moun ki gen laj pou vote ta malad, si li rich, ou si li se yon pòv, si-l pa dakò ak lame a, menm si li se gason ou fanm, moun sa ta dwe al vote. Nan ti foto a gen yon lekòl pou elèksyon. Se yon elèksyon demokratik. Ti fi a ki nan chèz woulant la dwe vote. Ti fi sa ki gen rad nwa a dwe vote tou. Chak moun gen yon vòt. Kèlkeswa ras ou, relijyon ou, yo tout dwe vote. Pa bliye, nan demokrasi nou di chak moun ki gen dwa pou vote enpòtan, menm jan tankou tout lòt k ap vote yo, konsa pa gen yonn ki pi enpòtan pase lòt. Solèy la klere pou nou tout. Yo tout dwe vote, menm lè yonn diferan ak lòt la.

Ti koze a :

Nat te di ak yon ti vwa komik, “Mwen te menm vote de fwa pou wou, konsa wa konnen m te vle w ta rete.” Men Petra ak Nadesh te konnen sa pat vrèman posib. Li te klè chak moun te gen pou vote yon sèl fwa, san yo pat chèche konnen ki moun li ta ye. Li pat gen diferans ni si w te fè ekip ou pa, ni denpi ki lè w te la. Menm si w ta gen plis eksperyans, ou byen w ta pi popilè sa pa sanble fè okenn diferans lè se nan zafè vòt. Si w gen lajan ou gen yon vwa. Si w pòv tou, ou gen yon vwa. Si w se gason, ou gen yon vwa. Si w se yon fanm, ou gen yon vwa. Yon moun yon vwa, se konsa sa te ye. (Nou va kontinye.....)

Aktivite a : Ou dwe prepare, itilize lajan jwèt ou byen koupe ti moso papye, make \$5 nan kèk nan yo, epi \$100 nan lòt yo. Separe lajan yo yon ti jan pou gen nan yo ki gen anpil lajan ak kèk lòt ki pa gen anpil. Mande elèv yo pou yo ta bay yonn ou de aktivite yo ta renmen fè, epi ekri yo sou tablo a. Pran elèv ki gen plis pase \$200 nan men yo, pou yo ta leve kanpe. Fè konnen se moun rich sa yo ki pral deside ki aktivite ki pou ta fèt. Ou mèt kwè lòt yo pral plenyen pou sa. Ankouraje yo diskite antre yo. Pou pèmèt lide vanse, ekri non 2 ou 3 gran relijyon sou kèk moso papye, mete chak relijyon sa yo sou yon moso papye diferan. Mete sa nan yon ti bwat, yon sak, ou yon chapo, epi fè chak elèv pran yonn. Fè yo konnen se yon jwèt, epi fè mesaj la pase nan yon ti tan. Se pa tout bon vre. Pran chak relijyon yo apa, di, ‘Konnyè-a n ap kite katolik yo pran desizyon yo.’ Lòt elèv ki te pran lòt relijyon pral rele. ‘Ok, èske elèv ki pwotèstan yo ka kanpe? Se nou ki pral pran desizyon yo. ‘ Ou pral tande lòt yo rele pou sa tou. Ankouraje yo fè diskisyon yo jiskaske sa vin klè pou yo, genyen mwens ou plis lajan, ou byen mache nan relijyon sa ou yon lòt, pa gen anyen pou wè ak ki moun ki gen dwa vote. Ou ka fini ak sa, ‘ Nan demokrasi, tout moun ki gen laj pou vote, yo tout gen yon sèl vwa.’

Prensip 7 : Se vwa majorite a ki fè la lwa.



“The majority rules”

Se vwa majorite ki fè la lwa.

Èske ou tap renmen sa pou se kèk elèv sèlman nan lekòl la ki pou ta gen dwa pou di tout moun nan klas la ki sa pou yo fè ? Imajine pwofesè-a ta mande si klas la ta vle tande yon ti listwa ou byen jwe yon ti jwèt. Kèk elèv ta eseye rele byen fò sou tèt lòt yo pou ta fè yo kolabore ak yo. Èske li pa ta pi enteresan pou nou ta fè aktivite a pi plis elèv ta va chwazi a? Se konsa li ye nan demokrasi. Konsa pwofesè-a ka mande pou nou vote, epi aktivite a ki ta gen pi plis vòt la ta pase. Kèlkeswa sila ki ta gen pi plis vwa a lap genyen. Kilès nou panse ki gen pi plis vwa dapre foto a? Èske se figi k ap ri yo, ou byen sila yo ki boude a? Nan sans sa, kilès ki genyen? Konbe figi nou wè k ap souri nan foto a? Konbe figi tou ki boude nan foto a ? Èske figi ki boude a gen pi plis vwa ? Nan demokrasi se sila ki gen pi plis vwa a ki pou genyen.

Ti listwa a :


Men Nadesh te remake se pa tout moun yo ki te vote pou yo te kapab rete. Te gen detwa moun nan kwen an deyè a kite vote kont sa. “ Ki koze sa”, li te di, “ moun sa yo t ap fè bagay yo an kachèt nan kwen sa papa.” Omwen, vwa pa yo a pat rive mete yo deyò. Tout moun te konnen, ou byen li te sanble sa, ou pat bezwen tout vwa yo pou ta genyen, ou te bezwen sèlman pou ta gen pi plis. Elena te di, sa ki te pi enpòtan an se rive gen pi plis vwa yo. Sa te vle di sila ki ta gen pi plis vwa a se li ki genyen.

Nadesh te vi n konprann, “menm si gen kèk nan yo ki pat dakò pou nou ta rete, yo pat ka gate sa poutèt tout lòt yo ki te vle sa fèt la.” Antouka sa te parèt nòmal pou li, kèk moun sèlman p aka enflyanse sa tout lòt yo te deside a. “ Mwen santi m kontan paske nou gen pi plis moun ki anfavè nou,” li te di byen fò. “ Poutèt sa, nou pa gen okenn lòt kote nou prale !” (*Ti Listwa a ponko fini.....*)

Aktivite a : Mande elèv yo pou yo bay lide yo ansam pandan 5 minit konsa. Yo ka mande pou yo ka soti deyò a, bay blag, tire kont, etc. Kanpe sa apre w ta gen detwa lide ki sòti. Ekri yo nan chak pwent tablo a ak distans antre yo. Mande elèv yo pou yo al kanpe devan tablo a bò kote lide yo ta pi renmen an ye a. Fè yo konte konbyen

nan yo ki nan chak gwoup yo. Mande,” Konbe nan nou ki kanpe nan zòn bò premye lide a? Apre, mande yo tou, “konbe nan yo ki kanpe nan zòn kote dezyèm lide a ye a? Fè yon fason pou diferans nan kantite moun yo atire atansyon yo tout. Apre sa, fè yo retounen nan plas yo. Konnyè a, di yo w ta vle wè si kantite yo kòrèk, olye yo al kanpe bò tablo-a ankò, jis fè yo leve men yo lè yo ta tandè w pale de lide yo ta renmen an. Di yo, “Talè a nou te vote ak kò nou, nan moman sa nou pral fè sa ak men nou.” Di premye lide a épi lè yo leve men yo, konte ki kantite vòt (men ki leve) w gen. Di dezyèm nan tou epi fè menm bagay la. Lè w ta fini, fè yo konnen se tèl ou byen tèl lide ki pote viktwa, “paske li te gen pi plis vwa an favè l”.

Prensip 8: Menm sila yo ki pa renmen yon lwa ki ta vote ak majorite a dwe obeyi l.



“EVERYONE has to obey laws passed by majority vote”

Tout moun dwe respekte lwa majorite moun yo ta vote a

Èske w panse tèt ak figi boude yo ki nan foto a gen pou rèspèkte lalwa ki adopte ak kantite figi k ap souri yo? Li t ap enjis epi tou li t ap jenan lè se kèk moun sèlman ki ta dwe rèspèkte lalwa yo. Si gen kèk moun ki pa dwe pou rèspèkte lalwa, tankou peye taks, lòt moun yo pral gen pou peye doub fwa lavalè pou kouvri defisi yo paske gen kèk ki ekzante. Sa pa t ap bon ditou. Ou byen si gen kèk moun ki ta di, “Mwen p ap anrejistre machin mwen an. Mwen p ap anrejistre l !” Sa t ap bay pwoblèm. Petèt si gen yon moun ki ta kase yon boutik pou volò lajan, li pete kouri nan yon machin ki pa anrejistre. Lapolis pa t ap kapab jwenn pwopriyetè machin sa si li pat anrejistre l. Se kòman nou ta dwe deside kilès ak pa kilès ki dwe rèspèkte lalwa yo ? Li enpòtan pou nou mete sa aklè pou tout moun : Nan demokrasi TOUT MOUN dwe rèspèkte lalwa. Denpi lwa a fin vote ak majorite a, KÈLKESWA MOUN nan dwe rèspèkte l. Menm sila yo ki pat anfavè lwa sa dwe rèspèkte l tou. Gen yon ti pawòl yo toujou pale nan demokrasi, li di : “Pa gen yon moun ki pi plis pase lalwa.” Èske w konnen yon moun ki panse li pa dwe rèspèkte lalwa, ki panse li pi gran pase lalwa ? Li t ap twò difisil pou ta chèche konnen kilès ak pa kilès ki pa ta dwe rèspèkte lalwa si nou ta aksèpte kèk moun pa rèspèkte l. Lwa yo fèt se pou byennèt sosyete a. Li pa t ap jis pou nou aksèpte kèk moun pa rèspèkte yo, epi kèk lòt ap rèspèkte yo. Nan demokrasi, tout moun dwe rèspèkte lalwa, menm si w pa renmen l. Kat bout tèt sa yo k ap souri nan foto a, ki kontan pou jan lalwa ye a, ap gen pou rèspèkte l tou, menm jan ak de lòt yo ki boude figi yo a, ki pa dakò ak lwa a, dwe fè l tou. Nan demokrasi, tout moun dwe rèspèkte lalwa.

Ti listwa a :

Yo ponkò te fini ak twa ti mesye sa yo ki te vote kont yo a, sila yo ki te mete kò yo nan ti kwen an. Kèk jou apre, yonn nan yo, jèn demwazèl la ki rele Tami an, pwoche bò kote Petra.

Li di : “ Mwen wè w la toujou.” Li kontinye pou l di : “ Pa gen vrèman kote pou nou mete w. Nou vin anbarasan lè nou oblije pou y ap kreye espas pou mete nou.”

Alòs, Petra te vin remake Tami pap yon zanmi pou li. San ipokrizi, Tami pat vle Nadesh ak Petra rete nan mitan yo. Petra pat gen santiman pou l fè lènmi, men li te santie li te gen menm dwa ak Tami pou l kapab viv isit la lakay Elena. Li te gade Tami je nan je, li di l :’’ Enben sa k ap pase w la, se nou ki gen plis moun ki te vote pou nou rete, alòs pa gen anyen w ka fè kont sa !’’


Tami di ak tout goj li :’’ Wi, mwen konnen,’’ Li te kontinye pou l di :’’ Mwen konnen nou gen pou n ta rèspektè vòt majorite a ki lakòz nou pèdi. Men pa pete tèt ou pou panse se tout moun isit la ki renmen w, paske w wè se mwen menm ak zanmi mwen yo sèlman ki ta montre nou sa !’’ Tami vire do l epi li al fè wout li. Petra te vin defigire nèt, li te jennen anpil. Li te fache anpil pou sa Tami te di l yo ! Men, li te kontan tou akòz tout bon bagay sa yo ki fè demokrasi a. Se te tout bon yon demokrasi, paske menm sila yo ki pat renmen jan bagay yo te soti a dwe rèspektè yo. Li te bat bravo pou fason moun n ap viv nan demokrasi. Men li te toujou pat renmen Tami. Pa gen okenn kote nan demokrasi ki di w dwe renmen tout moun! Se jis pou n di tou, li menm tou li pa okipe moun k ap pale, li vanse viv ak tèt li drèt douvan ! (Ti listwa a ap kontinye.....)

Aktivite a : Di ‘Moun ki pa gen koulè X sou ou, chita nan plas san fè brui pandan yon minit !’ (Chwazi yon koulè kèk nan yo mete jou sa) Koulè sa dwe parèt vizib, pou tout moun wè l aklè. Si w ta chwazi koulè vèt, fè elèv yo ki mete koulè sa ap mache nan sal la, ap pale epi pa bay lòt yo privilèj sa a. Nan moman sa, fè yon ti tès ak yo, mande yo :’’Kijan nou ta santi sa, pou ta gen kèk moun k ap rèspektè lalwa, epi kèk lòt ki p ap rèspektè l?’’ Pran yon lòt ekzamp ak yo. Petèt sila a _____ (chwazi yon ti zanmi nan yo) fè l pase al takinen nenpòt nan yo l ta vle, men se li menm sèl ki dwe fè sa. ‘Èske sa jis?’ Fèmen diskisyon an. Pran lòt ekzamp sa a: Chwazi 1 ou 2 ou 3 elèv mete yo nan wòl ‘Polisyè’ k ap chèche nèg ki p ap rèspektè lalwa. Epi di:’’ Tout elèv ki chita nan bò gòch klas la kapab mache, epi pale, e lòt yo ki nan bò dwat la pa gen privilèj sa.’’ Epi, fè yo tout leve kanpe, kòmanse mache (sila yo ki gen dwa pale a ap pale), epi mande ‘lapolis’ pou chèche mwayen pou mete lòd nan kilès ki gen dwa ak pa gen dwa mache pandan y ap pale, olye se mache y ap mache sèlman. Wou menm ki monitè, sonje byen ti ekzèsis sa ta dwe pa fasil pou ‘lapolis’ e petèt tou pou kèk nan elèv yo tou. Kanpe ekzèsis la apre yo ta fin konprann li pat fasil pou ‘lapolis’ te rive mete lòd nan kilès ki gen ak kilès ki pat gen obligasyon pou rèspektè lalwa. Fè tout elèv yo chita epi diskite ak ‘polisyè yo’ sou difikilte yo te rankontre lè gen divès latriye prensip pou diferan kalite moun konsa. Apre sa, pèmèt lòt elèv yo rantre nan diskisyon an.

Aktivite anplis : Mande elèv yo, ‘Kilès nan yo ki gen yon moun ki enpòtan l konnen?’ Pran repons ki bay la sou moun sa li panse ki enpòtan an. Mande yo, ‘Eske Mr. _____

Gen pou l peye taks?’ (Wi) ‘Men si li enpòtan; èske l pa ta dwe ekzante pou peye taks li?’ Pran yon lòt ekzamp ak yo. Di yo, ‘Mr. _____, li enpòtan. Èske li ta dwe anrejistre machin li an tankou tout lòt moun fè?’ Kanpe poze kesyon lè w ta wè gen plizyè nan yo ki ta konprann nou bezwen gen bon sans ak bon jijman sou kilès ki dwe rèspektè lalwa yo. Ou gen dwa fini konsa, ‘Se poutèt sa kifè nan demokrasi menm sila yo ki pa renmen yon lwa dwe rèspektè l.’

Prensip 9: Tout moun dwe vote nan elèksyon pou moun k ap fè lwa ak Manadjè yo.



“Law makers and managers are ELECTED by ALL of the people”
Moun k ap fè lalwa ak sila yo k ap jere yo tout se moun pèp la èli pou sa

Nan foto sa nou wè anpil ak yon pakèt moun ki pral vote Yo pral vote nan elèksyon pou moun k ap fè lalwa yo ak Manadjè yo tou. Chak moun ki la swete wè kandida pa l la pote laviktwa. Moun sa yo gen pou fè lalwa ki bon pou pèp la. Manadjè yo gen pou sèvi ak lalwa sa yo pou fè sosyete a mache kòrèk, fè peyi a mache. Yo la pou veye limyè a ki nan lari a pa gen pwoblèm, epi tou wout yo nan bon kondisyon pou abitan yo ka pote rekòt yo nan mache a. Li pa fasil pou w ap jere yon sosyete epi fè l mache kòrèk. Lekòl yo dwe nan bon kondisyon epi se pou gen bonjan pwofesè nan yo. Sa yo se travay ki gen enpòtans anpil ! Kilès ki dwe fè lalwa, epi tou kilès ki dwe jere popilasyon an ? Tout sa dwe deside nan elèksyon an!

Gen kèk moun ki ta vle se zanmi pa yo ki ta pou fè travay sa yo. Konsa yo al vote pou zanmi yo ka eli. Yo panse zanmi sa yo ka fè men leve pou yo tou. Gen lòt ki ta vle se lame a ki pou ta jere travay enpòtan sa yo. Men, lame a gen dwa pa yon bon solisyon pou tout moun yo. E, si se abitan yo k ap fè li, yo ka pa fè l nan avantaj moun ki lavil yo. Moun ki rive nan gwo pozisyon nan gouvènman se moun ki enpòtan anpil. Nan demokrasi, elèksyon se pa yon ti bagay jwèt sa ye! Gen yon ti pawòl ki di, “ Elèksyon yo se la yo fè tande vwa pèp la !”

Pou l fèt byen, TOUT moun dwe vote pou di kilès ki pral fè lwa yo ak kilès ki pral jere sosyete a. Se apre TOUT moun ta fin vote n ap konnen kilès ki genyen. Na konnen kilès ki te ranpòte majorite a pou vin fè lalwa. Na konnen tou kilès ki te ranpote majorite a pou gouvènè sosyete a. Se pa tout moun k ap kontan ak moun yo ki genyen elèksyon an. Gen kandida ki pral pèdi, gen lòt ki pral pote laviktwa. Sepandan, chak moun te gen chans li kanmenm pou l te di enpi chwazi kilès li te vle ki pou ta pote laviktwa. Nan demokrasi chak moun gen menm chans pou eseye fè anpil lòt moun vote pou sila li chwazi a ta rive genyen elèksyon yo. Epi ankò, nan demokrasi chak moun dwe vote nan elèksyon yo pou moun ki pral fè lalwa yo, ak Otorite yo k ap gen pou fè sosyete a mache a. Natirèlman, se sila ki gen majorite vwa a ki toujou pote laviktwa.

Ti listwa a.

Tout bagay te byen pase nan jou apre yo. Ni Petra, ni Nadesh pat gen twòp kontak ak twa moun sa yo ki te vote kont yo a. Moun sa yo te gade limit yo. Tout moun t ap travay nan lajounen epi yo te gen tan lib nan aswè. Lè sa a sete apre yo te fin pran soupe, e natirèlman, yo te fè netwayaj lakuizin nan. Nadesh te renmen anpil nan moman lè a te

rive pou yo te ale nan lakou a pou yo te al jwe. Li te toujou ap sonje lakay li, men omwen, la a, te gen kantite ti moun tou pou l te jwe ak yo. Jwèt li te pi renmen an sete “kakash-manba sere li byen.”

Te gen yon jou, nan aswè, lè yo tap jwe “kach kach sere li byen” an, Edward te di Nadesh ta fè koken! Sete pou te fè Nadesh mechanste Edward te di li ta fè koken, paske sete menm jwèt sa yo te jwe ansanm ant yo, kèk jou anvan yo.

Sa Nadesh te toujou fè, sete rete kache kò l, jiskaske li ta gen chans pou rive nan baz anvan moun k ap chèche l la ta kapab wè l pou l ta rele non li. Me kijan sa dwe fèt. Chak fwa yon moun wè w epi li rele non w, lè sa a, yo frape yon bagay twa fwa nan baz la, pa ekzanp, “1, 2, 3 sou Petra.” Si sa fin fèt anvan Petra ta rive nan baz, y ap konsidere l kòm “moun yo pran”, epi konsa w pèdi. Lide a, se pou pa kite yo pran w. Jou aswè sa Edward te deja di Nadesh li dwe rive nan baz la ANVAN menm li ta komanse rele l Sa pat fè Nadesh plèzi ditou epi tou, li te konnen Edward pat jis.

Li te prèske kase yon bò nen Edward pou sa, lè Elena te vin parèt toudenkou.

Li te di yo, “Dakò, dakò”. Li te di ankò, “Gen lè ta gen diskisyon ant nou la, sou fason jwèt la ap dewoule a. Nou ta dwe fè yon bagay pou nou rive fè limyè sou kondisyon yo, ou byen n ap oblije fèmen tout jwèt yo ! Jwèt se pou distraksyon sa fèt, men se pa pou kreye lènmi.” Tout moun te kanpe jwèt yo pou yo te koute sa Elena tap di a. Li pat nan plèzantri ditou lè sa !

Petra te di l, “Ki sa nou ta dwe fè?”

Elena te reponn li, “Gen lè nou bezwen kèk avoka e petèt menm kèk manedjè tou.”

Gen yon moun ki te mande l, “Ki diferans ki gen ant yon moun ki fè lalwa ak yonn ki manedjè?”



Elena te deja gen repons la. Li te di, “Moun kap fè lalwa yo, yo chita diskite sou sa ant yo, ou konprann, yo chèche wè kijan pou yo rive fè tout moun patisipe, epi ekri lalwa ak prensip ki bay kouman pou sa fèt. Kèk moun rele sa prensip, men nou rele l lalwa. Apre moun sa yo fin fè kont diskisyon sou lwa yo antre yo, yo pase l sou vòt. Yo bezwen yon majorite pou yo fè san. Konsa chak moun dwe rèspèkte lwa sa yo.” Tout sa te byen klè pou tout moun.

Gen yon lòt moun ki te mande, “Men ki travay manedjè yo fè?”

Elena te reponn li, “ Enben, se fasil. Yo fè de sèl bagay. Yo pran kèlkeswa sa ki nesèsè pou jwèt yo, yo asire yo gen moun ki la pou jwe wòl abit, pou si ta gen anpil diskisyon konsa. Moun k ap fè lalwa yo fè lalwa, men manedjè yo asire yo lalwa sa yo dwe rèspèkte ak tout moun. Se yo ki gen responsablite pou fè bagay yo mache dwat epi tou pou yo byen òganize sosyete a tou.” Apre sa, Elena te retounen rantre nan kay la. Li pat menm pale sou nesèsite pou ta dwe gen yon elèksyon pou moun k ap fè lalwa ak moun k ap jere sosyete a anvan ta gen lòt jwèt ki pou ta jwe aswè a nan lakou a.

Aktivite a : “ Nou pral fè elèksyon yon moun ki pou gen responsablite paniye fatra a pou rès jounen an. Moun sa, l ap gen poul fè wonn sal la chak 30 minit konsa pou l ranmase fatra yo nou gen pou jete yo.” Dirije elèv yo pou yo fè elèksyon 2 ou 3 kandida. Apre sa, mande kilès ki gen dwa pou vote. Li pral parèt aklè tout moun ta dwe vote, paske moun sa ki pral eli a pral sèvi tout elèv yo. Men sak pase: Si w angaje nan yon bagay, ou byen bagay sa pral gen awè ak lavi w nan yon fason kèlkonk, ou dwe vote. Epi mande kilès ki pa gen awè ak moun sa ki swa prezidan ou byen premye minis nan peyi a. Ou kapab poze kèk kesyon sou kèk gwoup, yon fason pou ka sèten yo konprann yo tout pral gen awè ak moun k ap dirije nou yo. “ E pou moun ki pòv yo ?” “E pou moun sa yo ki gen gwo laj yo ?” E pou moun sa yo ki deyò peyi a nan vakans ?” Ou ka fini aktivite a konsa, “ Nan demokrasi CHAK MOUN dwe vote pou moun kap fè lalwa ak pou manedjè yo tou.”

Prensip 10: Moun kap fè lalwa yo ak Moun kap jere yo dwe reprezante pèp la, men non tèt pa yo



“Good lawmakers and managers care about the people.
They want to hear from the people”

Tout bon dirijan pran swen pèp la
Yo toujou vle tande vwa pèp la

Gen kèk moun k ap fè lalwa ak kèk manedjè tou ki pa renmen pèp. Menm si yo tou pre pèp la se vre, men yo konn malonèt ak egoyis tou. Men sa ki bon yo gen bon kè. Tout kè yo se pou pèp la. Yo mande pou popilasyon an voye lèt ba yo. Yo mande pou yo resevwa lèt nan òdinatè tou. Konsa se paske yo vle konnen ki sa popilasyon an vle epi tou kisa pou yo ka fè pou ede moun yo.

Ou menm ou byen fanmiy ou kapab deja tande istwa kèk move dirijan ak move moun ki plase pou fè lalwa, ki pran lajan pèp la, sèvi avè l pou achte bèl machin ou byen konstrui bèl kay pou yo rete. Otorite sa yo pat gen sousi pou pèp. Lè sa nou di yo pat gen “bon kè.” Gen nan moun sa yo ki bon. Lè sa, nou di yo gen “bon kè.” Lè moun sa yo dispoze tande pèp la, yo rive konnen ti moun yo bezwen bon lekòl. Fanmiy yo bezwen bon kalite dòktè ak enfimyè. Kiltivatè yo bezwen ankadreman pou fè bon rekòt ak elvè bon betay tou. Wout ki pou fèt ak bonjan antretyen. Tou sa yo se bagay ki enpòtan.

Move manedjè ak move otorite k ap fè lalwa yo, pa gen sousi pou sa pèp la bezwen, yo sèlman wè pou yo ede zanmi ak pwòp fanmiy yo. Yo pa enterese tande sa pèp la gen pou di. Sa pa jis ditou. Yo pat bay yo pouvwa pou yo te ka vin rich. Se poutèt sa tou, yo dwe koute vwa pèp la. Nan menm sans sa a tou, yo kapab fè bonjan lalwa, epi jere sosyete a yon fason ki pi bon, pou pèp la ka gen yon lavi miyò. Nan demokrasi, moun sa yo ki tande vwa pèp la, yo gen “bon kè.” Yo gen sousi pou pèp.

Ti listwa a :

Te gen pakèt pale anpil sou kilès ki pou ta chwazi pou fè lalwa yo. Yo tout te konnen desizyon an ta dwe soti nan yon vòt, epi yo ta oblije gen yon majorite pou yo genyen, men se kilès pou yo ta vote pou sa ? Nan jou apre yo, sete pawòl sa sèlman tout moun t ap pale. Nadesh te anfavè zanmi li a ki rele Sandesh. Petra li menm yon lòt bò te pansee Denetra ta kapab fè yon bon avoka. Sete enteresan pou te wè konbe kantite lide ki te bay pou sa. Li te sanble li pa t ap fasil pou rive ak yon antant, paske te gen anpil lide

diferan ! Kèk nan yo te menm vle vote pou pa gen lalwa ditou. Men gen pi plis ki te konprann si gen lalwa li t ap pi bon pou tout moun.

Ta kapab genyen anpil lesefrape ak anpil tan pèdi nan sosyete a, si pa ta gen lalwa ak prensip yo. Elena te di sa...yon... ak...e, jan de bagay konsa, pa t ap bon pou nou ditou. Li te totalman dakò dwe gen lalwa ak kèk moun anplas pou asire yo lalwa yo rèspektè epi tou tout bagay yo fèt kòrèk.

Peter te di li ta renmen pou ti moun yo vote li pou l ta kapab vin fè lalwa. Petra te mande l pouki sa. Li te ase onèt omwen lè l te reponn li, “Konsa mwen ta kapab aranje bagay yo dwat nan fason m vle yo a. Mwen kapab menm fè pèp la peye m taks anvan yo ta kapab jwe jwèt yo chak jou.” Li te parèt serye anpil lè li t ap di sa. Li te menm panse pou l ta tou vin rich yon fwa.

Nadesh te byen tande sa Peter te di a, e sa te boulvèse l !

Li te di, “ Ou menm ou se yon egoyis vòlò.” “Nou p ap aksèpte eskanmòtè isit la, sa nou vle se moun ki onèt, ki dwat nan sa y ap fè.” Li kale je l sou li pou l di l ankò, ‘ Tout moun okouran moun k ap fè lalwa yo pa sipoze sèvi ak pozisyon yo a pou benefis pèsonèl yo !’”

Peter te sezi, li te rete ak bouch li tou louvri. Sanble l pat kontan ! Nadesh ponkò te janm fini, li t ap di toujou :


“Se sa ki pa bon sou tè sa. Gen kèk moun k ap chèche ranmase richès ak pouvwa pou yo sèlman ! Èske w pa konnen moun sa yo k ap fè lalwa yo, yo sipoze chèche avantaj la pou tout moun ?! Yo pa sipoze ranmase pou yo sèlman, sansa, tout sosyete a ap disparèt.” Li pran yon ti moman, epi li kontinye ankò pou l di, “Li ta sipoze yon lonè pou yon moun sèvi lòt yo. Se yon chans yon moun genyen pou l rann sèvis ak lòt yo, men se pa yon chans pou tèt pa l. Nou pa vle vote vòlò ; nou vle vote moun ki pral sèvi popilasyon an.” Lè sa, li te santi l byen anpil. Li te fatigue ak moun k ap pase lòt yo nan rizib. Espesyalman lè yo nan pozisyon gouvènman enpi yo sèvi ak pouvwa sa pou fè bagay ki dezonorab, k ap avili karaktè moun.

Peter te tèlman wont, li te ale tèt bese. Li pat janm pale ankò sou zafè pou l ta rive eli pou l al fè lalwa.


Lè moman elèksyon te rive, se te yon bagay ki te semp anpil. Apre tout pale anpil sa yo sou kilès kita dwe ale nan pozisyon moun ki gen pouvwa fè lalwa ak moun ki dwe manedjè, sèlman kèk nan yo te deside eseye l. Nadesh te eli pou l vin yonn nan moun k ap fè lalwa yo, epi Petra te eli bò kote pa l, pou plas manedjè yo. Distraksyon aswè yo te rekòmanse ankò kèk jou apre. Moun k ap fè lalwa yo te chita ant yo, yo te pran kèk dispozisyon. Manedjè yo menm te reyini tou pou mete disiplin nan bagay yo. Pat prèske gen pale anpil sou prensip yo. Si te gen yon dezakò sou sa, li te regle rapid rapid ant manedjè yo menm. Bagay yo te rive mache trè byen. (Listwa a ap kontinye.....)

Aktivite a : Fè elèv yo rive nome epi, eli yon moun pou jere kèk nan aktivite yo pou jounen an (jwèt ak repo, lè pou fè lèkti, distribye ti moso papye lajan jwèt, etc). Pale ak sila ki eli "manedjè a" pou l ta fè move jan epi fè egoyis ak yo. Lè moman lèkti istwa a rive, l ap sèlman li pou li menm sèl ka tandè ak 2 ou byen 3 lòt zanmi ki nan kwen an, san lòt elèv yo pa ka tandè l. Anpil elèv p ap renmen sa ditou! Lè se moman pou distribye ti moso fo lajan yo (1 ou 2 pyès ki pa gen valè pou chak moun), epi rive fè "move" manedjè a kenbe tout rès lajan an pou li. Gen kèk k ap jwenn lajan, konsa tou genyen ki p ap jwenn anyen. Diskite ak yo kouman sa t ap ye si yo ta gen yon manedjè ki ta deside fè sa l vle a, epi ki pa gen sousi pou lòt moun. Refè elèksyon an : fè yo nome epi eli ankò yon manedjè, fwa sa pale ak manedjè sa pou l gen bon konpòtman. Li pral fè yon jan pou tout moun ka tandè sa l ap li a, pou chak moun gen menm kantite lajan nan men yo, epi li menm pa jwenn anyen, etc. Lè moman diskisyon an rive, chèche fè elèv yo konpare diferans ant de kalite eksperyans sa yo. Ou kapab fini konsa, " Nan demokrasi, moun k ap fè lalwa ak moun k ap jere sosyete a, yo tandè sa pèp la di, epi yo fè sa ki bon pou li tou."

Prensip 11: Genyen kèk dwa natirèl tout moun genyen. P ap gen okenn majorite ki gen pouvwa pran dwa sa yo nan men pèp la, menm lè majorite sa ta pi gwo anpil e minorite a pi piti anpil.



meet in groups



vote



seek happiness



free speech

“ Basic rights cannot be taken away.”

Pèsonn pa ka retire dwa natirèl pèp la genyen

Dwa natirèl sa yo tèlman enpòtan nan demokrasi menm yon majorite pa ka disparèt yo. Gen kèk nan yo nou montre nan foto yo. Nou gen dwa pou reyini ansanm, menm lè yon gouvènman pa ta renmen sa. Yon lòt ankò, se dwa pou vote a. Yonn ankò se dwa pou chèche gen kè kontan ak dwa pou “pale lib e libè.” Sa vle di jounal gen dwa di sa li gen pou l di, menm si sa l di a kont gouvènman. Se konsa sa ye nan demokrasi. Menm si ta gen yon majorite ki ta vote yon lwa ki di moun ki gen cheve koulè wouj pa dwe vote, sa pa ta dwe fèt paske vote se yon dwa natirèl li ye. Yo ta kapab di tou, “Puiske nou se majorite a, nou p ap kite moun ki gen zye ble yo reyini ansanm !” Wi, se vre sa mande yon majorite paske yo pi plis pase lòt yo. Men, poutèt se demokrasi, yo pa ka voye jete dwa natirèl moun genyen. Dwa pou moun ka rasanble ansanm, se yonn nan dwa natirèl sa yo. An jeneral se majorite ki ranpòte, men nan ka sa yo, menm yon vòt majoritè pa gen otorite pou retire dwa natirèl sa yo nan men pèp la.

Ti listwa a :

Men ti tan sa pat dire pou lontan pase sa. Apeprè 5 senmenn konsa denpi jwèt yo te rekòmanse lobo a te tounen pete ankò. Sete akòz yonn nan ti moun sa yo ki te vote kont, pou Nadesh ak Petra pat rete nan kay sa ki se kay Elena. Li te parèt endiferan anpil nan fason li te chita nan kwen an, li pat gen bon lè ak okenn nan yo de a, espesyalman Petra. Se te yonn nan yo, ti gason sa ki te toujou ap chèche kont la. Genyen yon jou l te fè yon bagay dwòl, antouka, se sa Petra ak plizyè lòt te konprann. Tout aktivite jounen an te byen pase jiskaske jwèt aswè yo ta pral kòmanse.

Ti gason sa ki te toujou ap chèche kont la te vanse devan pou l anonse ak tout vwa li, “Mwen di nou p ap kite delenkan vin jwe nan mitan nou !” Gen kèk nan ti moun yo ki te tonbe ri tankou yo te okouran de sa l sòt di a, men te gen lòt tou ki pat konprann ditou kisa sa te vle di.

Kèk ladan yo te di l konsa, “Kisa sa vle di ?”

Li te reponn yo, “Mwen pral di nou de kisa m ap pale la a.” Li t ap ri, men sete yon ri ipokrit. “Mwen vle pale de ti zagribay fanm sa ki pa dwe jwe nan jwèt la, nou konprann, poutèt li chita nan chèz woulant la. Mwen mande pou nou vote pou mete l deyò.” Li te tèlman kwè nan sa l t ap di a, li kontinye pou l di, “Pandan n ap mete deyò tout lòt zòdi yo, ann vote kont ti nèg enbesil sa ki gen dan tchaka a tou !”

Yon bon ti tan te pase, pèsonn pat di anyen. Laplipa nan yo pat kontan pou jan l te pale a, men yo te pè msye. Li te toujou ap bourade ti moun yo lè y ap manje, ou byen li te toujou renmen ap trennen atè pi piti ti moun yo pandan y ap jwe nan pak la. Wi, se vre, te gen kèk ki te pè li tout bon. Paske te genyen ki te chwazi rete an silans, enpi kontinye jwe dapre sa li menm ak zanmi l yo te vle fè a. Konsa li pa t ap rive frape yo.

Men toudenkou, gen lòt vwa ki te vin pale, sete vwa Elena. Kouman li fè konnen pou l toujou parèt nan bon moman an ? Li gade dirèkteman gwoup ti mesye sa yo ki te monte plan pa yo a, li di yo. “ Demokrasi sipoze nan benefis tout moun. E, se paske gen kèk moun ki pa bon, ki fè yo te oblije adòpte yon prensip nan demokrasi ki pou jere dezòd tankou sa n ap fè la a. ”

Gen kèk nan sila yo ki te mete ansanm ak ti nèg sa, ki te kòmanse rale kò yo. Rès ti moun yo te kontan anpil paske yo te konnen Elena konnen prensip demokrasi yo ki pou pèmèt li jere ti kriz sa yo, san sa yo t ap di li pa gen dwa di sa. Li kontinye pou l di.

“ Anpil bagay se majorite ki di kijan pou yo fèt. Men se pa tout bagay ki ka fèt, ou ki pa ka fèt, poutèt vwa yon majorite. Pa ekzanp, li pa posib pou mete moun deyò nan yon jwèt paske li gen difikilte nan kò li. Menm si ta gen pou yon majorite ta vote, li pa t ap janm aksèptab nan demokrasi. Non plis tou, ou pa kapab mete moun deyò paske yo ta gen tanperaman diferan ak lòt. Yo pa pèmèt sa yo nan demokrasi.”

Te gen yon ti silans tou piti, epi gen yonn ki di, “Elena, èske sa ta vle di pa gen okenn mwayen nou ka vote pou mete yon moun deyò nan jwèt la sèlman poutèt nou pa renmen l.”

Li te di yo, “Se ekzakteman sa sa vle di.” Nou konprann atò, nan demokrasi nou dwe konsidere dwa chak moun genyen. Gen nan yo ki si tèlman enpòtan nou p ap pèmèt menm vwa yon majorite ta fè yo pèdi sans yo, ni retire yo nan men pèp la. Kalite lwa sa yo, pa pèmèt lòt moun fè moun mechanste. Lide a se, menm vwa yon majorite pa kapab bay dwa pou yon moun ta fè lòt mechanste, ki pa gen kapasite pou yo defann tèt yo.” Apre sa li pe bouch li, epi ti moun yo te remake li t ap siye dlo nan zye l. Li deplase tankou li te prale, li fè kèk ti pa an navan, epi li te retounen bò kote ti moun yo ankò.

Li te di, “ Mwen panse m kapab di l pi byen konsa: Demokrasi òganize yon fason pou evite ke annwi yo ak diferans yo pa mennen tèt chaje.” Epi, li mache ale nan kay la, li pat retounen pou di anyen ankò. Lè ti moun yo vire gade bò kote yo, yo pat wè si ti gason sa ki renmen chèche kont la, si l te monte, ni si si l te desann. Li te chape pou l li, san pèsonn pat remake sa.

(Ti listwa a ap kontinye.....)

Aktivite a: Yon ti bagay tou senp ta dwe eksplike lide a aklè. Mande klas la si l t ap jis pou yo ta vote yon elèv chak jou pou vin ede pwofesè a. Yo pral mande ki kalite travay moun sa ap gen pou l fè, etc. Yon senp ti repons ap sifi. “ Enben moun sa ap gen pou l fè sikile nan sal la liv lèkti a yo ; pou l louvri pòt la pou nou lè nou prale nan rekreyasyon, etc.” Alò, yo va deside si li jis pou mete lalwa pou sa. Konnyè a, mande yo si sa jis ou non pou yo vote pou (entèl), (chwazi yon elèv ki popilè nan klas la pou fè sa, pou evite gen moun ki ta fache) fè l avanse devan chak maten epi pou rès elèv yo vin bat li ! San ezite, yo pral di sa pa bon. Fè yo konprann ta kapab genyen yon majoriye ki ta ka vote nan tou de ekzanp sa yo (èd pou pwofesè a, ak kale entèl la) men sa tou pa t ap janm fè se yon bagay ki ta jis nonplis. Lè se dwa natirèl moun ki menase (nan ka sa, dwa pou pa bat moun poutèt pou ta fè lòt plèzi), menm lè ta gen yon majorite ki ta renmen sa, li pa t ap jis pou l ta pase kòm lalwa. Tout dwa moun ki pwoteje pa ka disparèt ak yon vòt.

Prensip 12: Se pa yon relijyon ki ka di sa ki lalwa, men se sèlman lè pèp la vote sa.



People

Religion

“Religions don’t make the laws, people make laws.”

Relijyon pa ka fè lalwa, se pèp la ki fè lalwa

Gen kèk peyi nan lemond, kote sete relijyon an ki gen pi plis enflyans la ki te di sa ki lalwa, epi yo te fè tout moun rèspektè lwa sa yo. Kote sa yo pat gen demokrasi ditou. Li te difisil anpil pou lòt moun yo ki pat pratike relijyon sa ki t ap fè lwa sa yo. Se toupatou moun gen lide ki diferan menm sou kijan Bondye vle pou moun ta viv. Moun yo tou senpman pa dakò ak lide ki bay, ki di ki sa Bondye vle pou yo fè a. Anpil fwa, gen moun, yo panse jan yo konprann Bondye a, se konsa sa ye, epi jan lòt moun ta konprann li, pou yo li pa bon. Nan demokrasi, relijyon pa gen dwa pou di men sa ki lalwa, epi tout moun ta dwe suiv sa yo di a. Se tout popilasyon an ki dwe vote pou yon lide vin lalwa. Konsa, relijyon pa gen pou di yo ki lalwa pou yo suiv. Moun k ap mache nan relijyon an ka chwazi ak tout volonte yo pou rèspektè prensip relijyon sa, men li pa ka fòse pou lòt moun suiv li paske se ta yon lwa. Tout moun kapab mache nan relijyon yo vle. Men yo pa kapab sèvi avè l pou kontwole lòt moun. Nan demokrasi, se pèp, men se pa relijyon, ki fè lalwa.

Ti listwa a:

Te gen anpil jou konsa ki te deja pase anvan lidè relijye misyonè te vini wè zòn lan. Pèsonn pat konnen kilès ki te envite yo. Yo te fè yon bèl ti sèvis avèk anpil bèl chante pou yo, yo te sonnen klòch, yo te lapriyè epi tou, yo te bay kèk ti blag tou. Prèske tout ti moun yo te renmen sèvis la. Petra li menm te kontan ak yo anpil.

Li te di yonn nan yo, “ Mwen te renmen sèvis la pou jan l te bèl”. ” Mwen èspere nou va retounen isit la ankò.”

Gen yonn nan Pastè yo ki te reponn li, ”Wi, mwen kwè n ap retounen.” “Elena te deja envite nou pou nou vini senmenn k ap vini.”

Nan yon ti bat je, li te deja lè pou yo te retounen an. Yon lòt fwa ankò, sèvis la te enteresan anpil. Gen lè yo tout te renmen l. Men sepandan, gen yon bagay dwòl ki te vin pase fwa sa. Me kisa ki te pase a.

Nèg ki te alatèt misyonè yo te di yon bagay. Li pat mete l twò aklè pou Elena paske li te konnen Elena pa t ap janm dakò pou sa ta fèt. Men ki sa l te di a.

“Nou pastè legliz, nou konnen tout sa ki bon pou gran moun ak pou nou menm tou ti moun yo. Nou ta l pran ansèyman la relijyon pandan anpil tan, nou te lapriyè Bondye anpil tou, konsa nou konnen sa ki dwat. Se pou sa, nou te fè yon ti lis ki gen lalwa ladan l, nou dwe itilize pou lè n ap jwe ak lè n ap travay tou. Lè nou retounen senmenn k ap vini, n ap rekonpanse tout sila yo ki ta obsève sa ki ladan yo a, epi n ap bay pinisyon ak tout sila yo ki pa t rèspekte yo a.” Li te rete la ap souri, pandan l t ap tann pou timoun yo ta pral bat bwavo pou li. Pat gen yon moun ki te fè sa. Li pat souri ankò lè li te remake sa.

Li te di, “Sak pase la,” “ Gen lè, nou panse nou p ap kapab mache dapre lalwa nou yo. Sètènman, nou deja konnen nou menm lidè relijye yo, nou gen dwa pou n di tout moun ki sa pou yo fè.” Lè sa atò, anpil nan ti moun yo te etone, Elena li menm te kanpe nan yon ti distans li t ap souri. Gen lè plis ti moun yo te sezi, pi plis li t ap souri toujou ! Pastè a t ap di ankò, “Mwen okouran n ap viv nan demokrasi isit la, se trè byen. Wi, mwen vle di se yon bon bagay, men sa gen limit li tou. Paske gen yon lè, fòk demokrasi sispann. Se relijyon ki dwe pase avan, ki pou di moun yo ki sa pou yo fè ak ki sa pou yo pa fè !”

Se konsa Elena te vin pase pa devan pou l pran lapawòl. Li te kanpe bò kote misyonè a ki t ap pale a. Li di, “ Kòm se nan demokrasi nou ye, ann vote. Konbyen nan nou la a ki ta vle bay misyonè sa yo dwa pou yo ta fè sa l sòt di la a, enpi konbyen nan nou ki ta vle kenbe dwa nou yo ? Ann pa pèdi tan; sila yo ki pa vle bay misyonè yo dwa yo, leve men nou. Nadesh ki te leve men li, te vire gade rès ti moun yo. Se te prèske tout men yo ki te leve anlè. We, we, fòk nou ta wè kijan Elena t ap souri. Li vire gade misyonè a.


Li di l,” Mèsi paske nou te vini isit la, men silvouplè pa tounen ankò. Pase yon bon jounen.” Se konsa tout misyonè yo te ranmase zafè yo, epi yo te mete van nan vwèl yo. Elena di gwoup ti moun yo,” Pa bay tèt nou pwoblèm pou sa ; n ap toujou gen sèvis relijye isit la. Men nou pral chèche yon relijyon ki sipòte demokrasi. Nou pral jwenn kanmenm yon relijyon k ap montre nou viv nan la fwa, men ki p ap vin di nou ki kalite lalwa nou dwe obeyi. Si se pou lalwa, nou gen moun tankou palmantè ak manedjè yo ki la pou sa.” Epi li te ajoute,” Pa panse mal de mwen ti moun, mwen gen anpil respè pou relijyon. Se sèlman nan demokrasi okenn misyonè pa ka vin defèt desizyon palmantè ak manedjè yo ta pran, yo menm ki responsab moun yo ki te vote yo a.”

Lòt semenn an napre yo, te gentan genyen yon lòt gwoup misyonè ki te vin fè sèvis la. Misyonè sa yo te kòmanse pou di,”nou kwè nan demokrasi, moun yo gen dwa genyen pwòp prensip pa yo pou yo viv. Nou pral sèlman pataje ansanm kèk eksperyans k ap bon pou lavi nou, epi tou nou lib, natirèlman, pou itilize yo si nou ta santi nesesisite a.” (Ti listwa a ponkò fini...)

Aktivite a: Mete yon lis aktivite / pozisyon sou tablo a kèk relijyon te adòptegnan tan yo. Li ta bon tou pou ajoute nan menm lis sa, kèk ki nan opozisyon yonn ak lòt

tou. Pa ekzanp sou sijè sa yo ; Li pa yon pwoblèm pou yon moun ta gen plizyè fanm, Li pa nòmal pou ta gen yon sèl fanm ; Li yon bon pratik pou ta koupe men yon vòlò ; Li pa yon bon pratik pou ta koupe l ; Fanm gen dwa vini Pastè / ak mon Pè ; se sèlman gason ki kapab jwe wòl sa yo ; ou ta dwe batize pou ale nan syèl la ; ou pa oblije batize pou ale nan syèl la ; Li pa yon pwoblèm pou touye ak manje zannimo yo ; li pa bon pou touye ak manje zannimo ; Li pa yon pwoblèm pou fè moun fè èsklavaj ; fanm pa ta dwe gen edikasyon ; Fanm dwe gen ledikasyon tou, etc. Fè elèv yo sonje si pa malè nenpòt nan bagay sa yo ta vin tounen lalwa, tout moun dwe respèkte li. Pran lis la epi diskite pou konnen kilès nan lide sa yo ki ta ka rive pase pou tounen lalwa. ‘Èske nou ta vle pou sa vin tounen lalwa pou nou ?’ Poze kesyon sa anpil fwa. Fè yo remake tout relijyon yo gen sa ki bon nan yo, epi genyen bon misyonè nan yo tou. Ensiste li pa t ap jis ditou pou kèk nan bagay sa yo ta vin enpoze yo sou nou kòm lalwa. Fè yo konprann menm si yo renmen yon lwa, lòt moun gen dwa pou pa renmen l, ni yo menm tou. Nan demokrasi nou di li pa nòmal pou enpoze moun prensip yon relijyon yo pa vle suiv. Poutèt sa, relijyon pa ka deside ki sa ki lalwa.

Prensip 13: Dwa pou moun chwazi relijyon yo vle suiv la, se yon dwa ki garanti ak Konstitisyon an ki se manman lwa peyi a. Moun k ap fè lwa yo pa ka di pèp la kilès relijyon pou l suiv.



“No one can tell you what religion to practice.”

Pa gen pèsonn ki ka di w ki relijyon w dwe suiv

Gen anpil kalite relijyon nan demokrasi. Pouki sa se konsa l ye? Se paske moun gen dwa suiv relijyon l vle a. Moun yo renmen lè gen plizyè relijyon. Kèk fwa yo fyè anpil pou sa! Gen kèk ki renmen relijyon k ap mache fè misyonè. Gen lòt tou se paske tèl relijyon fè anpil lapriyè, gen lòt se paske relijyon an rann sèvis, etc. Si se pou relijyon, sa pa manke. Gen kèk nan yo ki pi popilè pase lòt, men nan demokrasi, moun ki fè lalwa yo pa ka di, pami tout relijyon yo, se sila tout moun ta dwe suiv. Libète pou moun suiv relijyon yo vle a enpòtan anpil nan demokrasi. Se moun yo ki pou chwazi kijan yo vle viv lavi yo, denpi sa pa deranje lòt moun. Gen tou ki gen dwa chwazi pou pa ale nan okenn relijyon, epi pa gen pèsonn ki ka fòse yo fè lekotrè. Nan demokrasi nou di pèp la gen dwa pou l chwazi kilès relijyon li vle suiv.

Ti Listwa a :

Pandan plizyè semenn te gen divès kalite misyonè ki te vini la. Yo tout te prèske di menm bagay la. “ Moun yo gen dwa chwazi sa yo ta vle a. Nou vle fè ak nou yon ti eksperyans lafwa. Nou lib pou aksèpte l ou byen rejte l. Se dwa pa nou tou lè sa konsènen relijyon. Se nou ki pou chwazi kilès relijyon nou ta vle suiv la. Ou ka pratike l jan w vle, denpi sa pa deranje lalwa leta fè, leta nou te mete ak vòt nan elèksyon demokratik.”


Te gen yon jou konsa, Petra ak kèk zanmi li t ap pale. Yon zanmi l di l, “Enben bagay relijyon sa gen lè sa fini ?”

Petra reponn li,” Se sa m ta panse tou.” “Mwen kwè se sa : nan demokrasi, se sèl pèp la, lè li vote, ki kapab di kisa ki lalwa pou gwoup la. Se pa yon relijyon ki pou di sa. Yo ka gen prensip pa yo fidèl yo suiv, men se sèlman paske yo se fidèl yo ye, men se pa paske se lalwa legal pou tout kalite moun dwe rèspektè.” Li te santi l byen paske se konsa bagay yo te fini.

Men apre li te sonje yon bagay, li di,”Oh, wi, chak moun dwe chwazi pwòp relijyon li, sila li vle suiv la. Dwa sa pèsonn pa ka retire l, menm si se vwa yon majorite !” Dènye pati sa te enpòtan pou li anpil, paske menm si li menm ak frè li a, Nadesh, te chwazi lòt gwoup pou yo te asiste, li te vle chak moun te gen dwa sa tou.

Aktivite a: Fè elèv yo konnen aktivite sa enteresan anpil, men mesaj la enpòtan. Divize yo an 3 gwoup epi fè chak gwoup yo kanpe bay fas yo dirèksyon yon fenèt, ou byen yon tablo. Di yo pou yo aji tankou yo renmen fenèt la ou byen tablo a, etc. Nan moman sa, anonse yo ak otorite wou menm se leta, apati jodi a, ou mande pou tout elèv vire gade bò fenèt, ou tablo w chwazi a. Chwazi yonn, epi fè yo tout gwoup yo vire bò fenèt ou ta chwazi a. “Bliye fenèt ou byen tablo nou yo, se sila leta chwazi a sèlman ki enpòtan kounyè a !” Fè yo al chita nan plas yo. Fè ti diskisyon sou kijan yo te santi yo lè se ”leta” ki te deside ki kalite fenèt ou byen tablo pou yo ta gade. Èske yo panse ke sa bon ? Eksplike yo nan demokrasi nou pa kwè sa jis. Nou panse moun ta dwe gen pou chwazi kilès fenèt ou byen tablo yo vle gade a. Nou panse tou moun ta dwe gen chans pou adore Bondye jan yo chwazi pou fè l la. Se pou sa nou gen libète relijyon nan demokrasi. Leta pa gen dwa pou l di nou ki relijyon pou nou suiv.

Prensip 14 : Lame sou rèsponsablite moun ki eli yo, tankou palmantè ak manedjè yo.



Se senp sivil ki alatèt, se pa jandam yo

Moun ki militè yo toujou fè moun pè yo anpil. Se paske yo alatèt lame a. Lame a gen zam, li kapab fòse moun fè sa l vle a. Se sak fè nan kèk peyi se militè yo k ap komande. Men sa pa bon ditou ! Nan demokrasi, se pa militè ki rèsponsab, se senp sivil ki an chaj. Senp sivil yo di militè yo ki sa ki pou fèt. Militè yo la pou sèvi bezwen pèp la. Lè se militè k ap kòmande, li fonksyonè ak kraponay. Sa pa bon. Pèp la ta dwe lib pou l deside jan l vle viv la. Li pa ta dwe ap viv nan kè sere akòz militè yo. Nan demokrasi palmantè yo ak manedjè yo, se yo ki gen kontwòl paske se yo ki te eli ak vòt pèp la. Militè fèt pou pran lòd nan men jan de moun sa yo.

Ti Listwa a :

Apèn yo te fini ak koze relijyon an te gen yon moun ki te vini pou deranje fason ti moun yo t ap viv la. Fwa sa sete akòz militè li te ye. Antouka se pa t militè tout bon yo te ye. Se pa t gran moun ak ni fizi ni revolvè. Se te kèk nan manedjè yo ki te gen wòl sa nan mitan ti moun yo. Kèk nan yo te gen djòb pou asire yo yo te jwe jwèt yo ak prensip. Yo te mete inifòm sou yo, epi anpil nan yo t ap mache opa, salye, epi tou te gen lòt militè tou ki t ap salye yo. Yo te kòmanse aji tankou yo te pi enpòtan pase lòt ti moun yo. Gen nan yo ki t ap mache ak baton gayak, yon fason pou yo t ap kraponnen lòt ti moun yo ak laperèz.

Te gen yon sitirasyon ki te rive ki pa t fè moun plèzi ditou. Gen twa (3) ti gason ki te nan gwoup militè sa ki te kòmanse ap menase lòt ti gason yo ak baton yo. Li pa t aksèpte pou yo t ap pouse l. Yo t ap mande l lajan anba tab, li te refize sa. Yo te bay li kout pwen, apre yo te frape l ak baton yo tou ! Yo te maltrete l anpil. Apre sa, yo t ap di sa pou lòt ti moun yo te konnen, men Nadesh te tande yo lè yo t ap di sa. Li te deside finalman fè yon bagay ak ti mesye militè sa yo.

Nadesh mande pou gen yon rankont pou bagay sa ka debat ant yo. Anpil lòt ti moun te kontan anpil, tout moun te prezan nan rankont la. Sèl ti gason an yo te maltrete a ki pa t la. Li te kouche nan kabann pou l te wè si l ta fè mye. Ti mesye militè yo pa t montre yo te gwo nèg nan rankont la, paske yo te chita ak zepòl yo dwat, an gadavou, sou ban an, dèyè a, nan sal la. Okontrè, yo te plis ap gade atè a, tèt bese.

Premye plent la se Petra ki te pote l. Li te kanpe, pou l te deklare, “ Enben ki sa nou pral fè la !? Mwen panse se malonèt pou se moun nou panse ki ta sipoze ap ede nou yo, epi pou se yo menm ankò ki te kòmanse ap fè nou mal !” Li al chita.

Aprè li, se zanmi li a Marcela, ki te kanpe pran lapawòl. Li te di, “ Ti mesye militè sa yo te pran yon pouvwa san se pa nou ki te bay yo li. Mwen mande pou nou ta pran pouvwa sa nan men yo. Nou pa dwe bay yo inifòm, ni baton, epi nou pa dwe salye yo non plis tou. !” Li te chita, te gen aplodisman ak vwa ki t ap di konsa, “ retire baton nan men yo !”

Se te tou pa Nadesh. Li te di, “ Nou bezwen lòd nan mitan nou, se pou sa nou te chwazi manedjè, pou te ede nou mete lòd ki pou ta pèmèt bagay yo ale mye isit la. Men ti mesye sa yo deraye. Yo vin aji tankou eksplwatè, tankou pwofitè yo bliye se manedjè yo te ye, pou sèvis kominote a. Yo te plis konsènen ak sèvi ak pouvwa pou abize lòt, olye yo te la pou ede moun. ”

Anpil moun te satisfè epi te gen tout yon kontantman ki te travèse nan sal la, lè yonn nan ti gason militè yo ki te nan fon sal la te kanpe pou pran lapawòl. Moun yo te etone ; Oh non, sa l gen pou l ta di ! Men lè li te kòmanse pale, li te fè tout moun sezi.

Li te di, “ Sa nou te fè a pa t bon. Mwen rekonèt sa konnyè a. Mwen te renmen mete inifòm lan pou m fè moun pè mwen. Mwen te konn pran lajan nan men anpil lòt ti moun poum te ka fè yo gras. Mwen te konn sèlman mete men mwen sou baton an, epi yo te konn fè sa m te mande yo fè a. Men sa pa t bon vre, e....e....Mwen mande eskiz pou sa” Li t ap siye je l lè sa a. Li te kontinye ap pale toujou. “ Nou di nou bezwen lòd isit la, mwen dakò ak sa tou. Men sa nou kapab fè. Si nou ta mete yon twal koulè nan ponyèt yon moun, ou byen yon kaskèt tèl koulè nan tèt yo, sa sèlman t ap ase pou ta fè tout moun konnen kilès manedjè yo ye pandan jwèt la, etc. Nou pa bezwen inifòm sa yo ankò, m kwè nou pa bezwen baton yo non plis. Ah wi, zafè pran lajan nan men ti moun yo dwe fini la tou. Pa gen moun ki ta dwe peye ti kòb anba ankò!” Aprè sa li te chita. Lòt ti mesye yo ki te nan militè a te toujou ap gade atè, tèt bese, men Sergio, sila ki te fèk sòt pale a, li menm te gen kran pou l te gade moun yo anfas. Li pa t gade atè ankò.

Se konsa Elena te vin parèt, li te apwoche bò kote Sergio, li te mete yon men l sou zepò l m’sye. Li t ap souri epi Sergio t ap souri tou. Te gen yon moun ki te di moun sa yo ki la pou fè lalwa yo, yo rankontre ansanm pou yo eklèsi kijan pou mesye sa yo k ap jwe wòl militè a, e kijan pou yo ta fè sa. Paske yo ta dwe fè ekzatemman sa moun k ap fè lalwa yo di yo pou yo fè. Finalman, se moun ki te vote yo ki bòs, se pa militè yo !

Men Nadesh te konnen li menm fòk yo ta siveye mesye yo ki gen wòl militè makout, paske yo ka toujou fè derapaj ankò. Li te tèlman ap panse ak sa, li te di ak tout vwa li, “ Se nou menm sivil ki pou gen kontwòl sila yo ki gen wòl militè isit la, men se pa sila yo ki gen wòl militè yo.” Li te gade sal la, men li te wè se pa tout moun yo ki te tande sa l te di a. Men li te konnen li t ap di sa pou tout lòt yo te tande, l ap gen pou l di l ankò ankò. Lè moun gen libète, yo pa tolere moun ki militè vin deranje yo! .
(Ti listwa-a ponkò fini.....)

Aktivite a: Chwazi 3 ou 4 timoun pou ta jwe wòl ‘sòlda.’ Endike yo pou yo, ak zam jwèt, rele tout lòt timoun yo nan kwen sal la, epi fòse yo pou yo ta fè vye ekzèsis. (Pa ekzanp : Gade anwo/gade anba, fèmen je yo, gade agòch, gade adwat, etc) Kanpe jwèt la yon ti moman. Mande timoun yo kisa sa ta ye pou yo ta wè lòt moun ap di yo sa pou yo fè ak zam pwente sou yo. Chanje ekzanp la. Chwazi yonn nan yo mete l lidè (fiy ou gason). Fè lidè sa rele lame-a avanse. Lidè sa ap mande lame-a poul mete tout zam atè, epi di yo pou fè ekzèsis yo. Mande klas la kounyè a èske sa pi sanble ak demokrasi, moun ki eli ak vòt pèp la ap pase lame a lòd. Wi, se sa ki kòrèk. Nan demokrasi se pa yon lame ki gen kontwòl. Se pèp la, gras ak moun li te bay vòt li yo. Se moun k ap fè lalwa ak sila yo k ap dirije sosyete-a, ki gen otorite pou di lame a sa ki dwe fèt. Nan sans sa, se moun sa yo k ap pale nan plas pèp la.

Prensip 15 : Pa gen moun ou byen yon gwoup moun ki ka fè lalwa san li pa t eli gras ak vòt pèp la.



Elected Representatives

“Law makers serve at the pleasure of the people”

Moun k ap fè lalwa dwe fè sa jan sosyete a wè sa

Nan demokrasi se pèp la ki gen dènnye mo a ! Moun ki chwazi pou reprezante l yo, se yo ki fè lalwa yo. Se pa sila yo ki militè yo, ni sila yo ki lidè nan legliz yo, ni sila yo ki gen anpil lajan an. Manedjè yo, yo jere aktivite sosyete a chak jou. Moun k ap fè lalwa yo, fè kèlkeswa lwa ki nesèsè pou sa. Se sèlman yo ki kapab fè sa. Se sèlman yo menm ki te eli ak vòt pèp la ki pou reprezante li. Se sèl fason sa tou yo ka gen pouvwa sa nan men yo. Se pèp la ki te vote yo pou sa. Sa ta vle di pèp la mete nan men yo tout pouvwa l genyen pou fè sa sèlman, pou fè lalwa yo bezwen. Li klè pou tout moun, moun k ap fè lalwa yo pran pouvwa sa ak vòt pèp la. Pèp la pa t bay okenn legliz vòt li, non plis lame a, non plis moun ki gen lajan yo. Pat gen yonn nan gwoup sa yo pèp la te vote. Se pou sa, yo pa gen dwa pou fè lalwa. Se pèp la, gras ak vòt moun li te vote yo, ki fè lalwa, yo dwe rèspektè yo. Se konsa sa y nan demokrasi. Nou fè lalwa pou nou rèspektè yo.

Ti listwa a:

Nan jou apre a, te gen yon bagay enteresan ki te vin pase. Te gen yonn nan ti moun yo ki te pran men Nadesh, epi li t ap rale l ak kontantman pou li ale avè l bò kay depo manje pou zannimo yo ki dèyè kay la.

“Men sa nou twouve !” li di l san laperèz. “Nou pa konnen denpi ki lè li te la !”

Nadesh di li, “ Nou pa konnen denpi ki lè li te la, kisa !?”

“ Ou pral wè, avanse vit, vini la !” Se sèlman sa ti moun nan te ka di l. Se konsa li te ale vre bò depo manje zanim yo. Lè li te rive, te gentan genyen yon lòt ti gason te deja la, ap monte sou nechèl la pou l rive nan tèt pil manje zèb pou zannimo yo ki te la a. Nadesh te vin reyalize te gentan genyen lòt ti moun ki te deja anlè a.

Lè l te rive monte nan tèt la, yon moun te gentan bay li yon papye. Se sa. Se te sa ki te fè tout deran sa yo. Li p ap vle kwè sa l te wè-a ! Li t ap li ak je l gran louvri, yon kantite lwa ti mesye militè yo te gen tan fè pou yo te gouvènè gwoup la.

Janice te di l,’’ Ban m mwen yo, paske ou twò sezi papa’’. Se konsa li te pran papye a, li te kòmanse ap li l. Premye lwa a di konsa :

‘‘Se pou tout sitwayen yo obeyi militè yo, san sa y ap pran pinisyon.’’ Li tap li, kijan moun yo ta dwe peye taks dirèkteman bay militè yo, etc. Men, Nadesh te yon ti jan lwen lwen. Men li pat vle kwè ditou! Li pat rive imajine ke anpil moun pa ta panse aji byen ak sosyete a, yo tèlman debòde, yo panse yo gen dwa pou di moun kijan pou yo ta dwe viv? Se konsa li te tande yon moun ki di,

‘‘Nou te dwe kite lidè legliz yo fè lwa yo pito, paske omwen yo te gen bonjan ak nou; yo pa t gen entansyon viv ak nou nan pwèn sa!’’ Sa te fè Nadesh fache anpil lè l te tande sa!

‘‘Èske se konprann nou pa konprann ?! li te di yo ! ‘‘N ap viv nan demokrasi, NOU, wi, nou ak mwen tou. Se nou ki pou fè lalwa yo, lè nou bay moun vòt nou yo. Se NOU pèp la ki responsab tèt nou ! Nou pa bezwen ni lidè legliz, ni moun ki rich, ni militè, ak okenn lòt moun pou fè lalwa pou nou isit la. SÈLMAN SILA YO NOU ELI POU FE LALWA YO KI KAPAB FE YO POU NOU KA OBEYI YO!’’ Li te pran kèk segond pou l te reprann souf li. Li te kalme san li yon ti kras. Li t ap di,’’ Nou ta dwe gen yon rankont pou nou ta eksplike tout moun sa nou twouve la a. Apre sa nou ka fè yon boukan dife pou boule tout vye lwa sa yo nou jwenn yo, tout lwa sa yo ki pa bon ditou paske se pa t moun nou te vote pou sa ki te fè yo. NOU se demokrat nou ye! ‘‘


Yo te desann nechèl la ak anpil prekosyon, yo kite lye a. Nan nuit sa, yo te fè rankont la, li te klè nan tèt tout moun nan demokrasi, se SÈL MOUN ki kapab fè lalwa, se sila yo pèp la te vote yo. Yo te brile vye lwa sa yo nan dife a.

Dapre sijesyon Petra, chak moun te avanse bò dife a pou di ak bouch li poukisa li renmen viv nan demokrasi. Yo chak te bay rezon pa yo, men alafen, vrè rezon an se te libète a pou yo ka viv jan yo ta deside sa, pou pa gen pèsonn ki pou ta enpoze yo kèlkeswa bagay la. Pandan y ap kite kote dife a, Petra t ap sonje ,’’Mwen panse demokrasi se yon bagay ki natirèl pou tout moun sou tè a paske tout moun sou tè a ta vle viv lib.’’ Pandan l ap fè lide sa, sa te fè l kontan anpil pou l te panse konsa. Wololoy ! Ala bon bagay papa se libète ! Pou toupatou moun ap viv nan kalite demokrasi sa, epi y ap jwi libète ! Li tap ri nan tout chemen an, li te toujou ap kalkile sa jiskaske dòmi te ale avè l. (Ti Listwa a ponkò fini...)

Aktivite a: Di tout elèv yo w ta vle di yon bagay pou ede sa parèt pi aklè, bagay sa ka ede yo nan aktivite a. Di yo pou yo fè atansyon paske yo pral renmen sak pral fèt la. Konnyè a, fè chwa yonn nan yo pou li jwe wòl yon Rwa. Fè sa byen, yon fason pou Rwa sa gen tout pouvwa pou l dirije yo. Li gen dwa fè lalwa yo tou. Mande Rwa sa pou l di moun yo ki sa pou yo fè (kanpe nan miray la, chita atè a, ti gason yo gen yon lòt non, etc) Fè remake menm lè Rwa a ta gen bon jan, se li ki gen kontwòl la, se pa yo. Konnyè a chwazi kèk elèv, mande pou yo jwe wòl lame a. Fè yo fè lalwa tankou sila Rwa a te fè. Ou gen dwa chwazi pou lame a fè moun yo fè lòt kalite mouvman

ki diferan parapò sa Rwa a te fè yo fè a. Konsa tou yo kapab fè menm bagay tou. Mande ti moun yo pou yo chwazi 2 ou byen 3 ki pou ta jwe wòl moun k ap fè lwa yo. Fè sila yo di yo ki sa pou yo fè. Chèche wè si gen nan yo ki pa renmen sa lè moun k ap fè lwa yo di yo fè a. Kanpe ekzèsis la, epi anonse yo pral gen yon elèksyon. Petèt ka gen yon moun tou nèt ki pral eli, e petèt non tou. Konsa, fè nouvo moun k ap fè lalwa sa yo eseye pran men yo pou yo di moun yo sa pou yo fè. Pa bliye pou atantif anpil pou fè elèv yo kapte moman sa, pou fè yo sonje e lè pèp la vote moun ki pou fè lalwa, si yo pa rive satisfè yo, yo kapab ranplase yo. Fè yo konnen tou, lè ta gen Rwa ak lame k ap fè lalwa, PA GEN fason pou ranplase yo! Ou nan deran ak yo. Diskite ak yo pou yo konnen ki mwayen ki te pi bon, ki metòd yo te renmen pi plis. (Yon Lame, ou byen yon sèl dirijan, kapab bon tou nan yon demokrasi k ap mache byen, men pi plis moun ta renmen satisfè pwòp tèt pa yo si se yon towò gwonde, matadò sipèb, ki pou ta vle vin kontwole yo.)

Prensip 16: Chak gwoup an patikilye kapab gen pwòp fason pa yo pou yo evolye, denpi sa pa mete okenn antrav pou lalwa konstitisyon an ak lòt lwa yo tou.



“Private groups can have special practices if they are not against the law”

Chak gwoup kapab gen pwòp aktivite l denpi sa pa yon antrav pou lalwa

Gen yon fiyèt ki mete yon inifòm espesyal se sèlman manb gwoup li a ki mete li. Fiyèt k ap danse a, li mete sou li tou yon kòstim pou dans la, se sèlman manb twoup pa l la ki mete l. Sa se fason yo chak chwazi pou fonksyone. Sila yo k ap fè dans la tou, yo gen fason pa yo tou. Li menm ak konpayèl li yo decide pou yo mete inifòm sa chak lè y ap fè dans majorèt la. Tout sa yo chak chwazi fè la a pa kontrarye sa lalwa di.

Genyen manb yon gwoup pechè pwason ki genyen fason patikilye pa yo, yo chwazi pou fè aktivite pa yo. Lè gen moun ki abiye tankou yo pou al peche pwason, sa pa gen pwoblèm ditou. Men lè te gen moun ki pa t sanble ak yo, ki te vin peche nan zòn la, yo te fache anpil ak yo. Yo te mete kanpe ansanm yon plan pou remoke tout bato lòt pechè sa yo ki pa t sanble ak yo, èspwe pou yo te ka domaje yo. Se konsa yo te chwazi fè sa. Pratik pa yo a te di konsa,” Se sèlman sila yo ki tankou nou yo ki kapab fè lapèch isit la.” Èske w pa panse fason sa kont sa manman lalwa peyi a di ?

Gen yon lòt gwoup ki te gen fason pa yo tou. Anpil nan yo te soti nan yon bouk ki te lwen anpil. Konsa yo te decide chak gwoup, selon kote yo te soti a, ap mete yon ti twal koulè ble swa sou chemiz li, ou byen sou palto yo. Lè sa, yo ka pi fasil rekonèt ki moun moun sa ye, epi kouri vit pote l sekou si anka ta gen bezwen. Pratik pa yo te di,”Sila ki mete koulè ble swa sa sou rad li a, li se yonn nan mitan nou li ye.”

Nan demokrasi, okenn fason sa yo pa bay difikilte pou pèsonn, se lekòtrè a ki ta deranje. Èske nan demokrasi, ou kapab di kilès ki bon ak kilès ki pa kòrèk ? Èske w panse w gen nan fason sa yo ki te derèspèkte manman lwa peyi a ? Kilès nan de fason pèsònèl sa yo w renmen pi plis ?

Ti Listwa a:

Tan an te pase byen vit pandan yo te lakay Elena a, se konsa li te deja pral fè yon lanne denpi Petra ak Nadesh te rive sou rivaj la nan bouk”Savann Gran Bwa-a”, kote kaptenn gran moun nan te depoze yo a. Men, se te kanmenm yon bon lane. Te gen anpil bagay yo te viv. Tankou lè moun yo t ap vote a pou yo te kapab rete ou non ; jwenn yon relijyon

yo te renmen, yon relijyon ki te rèspèkte demokrasi, tou sa te bon anpil. Li te kontan tou pou l te gen plizyè bon zanmi.

Men se te tou, yon lane ki pa t fasil tou pou li. Li p ap janm wè fanmiy li yo ankò. Li te konnen yo tout te mouri. Men antouka li pa t sèl nan difikilte sa. Se vre li te gen Nadesh avè l, men li te dekouvri tou, te gen kèk nan lòt ti moun yo ki te konnen paran pa yo te mouri tou. Pi plis ti moun lakay Elena yo t ap tann pou fanmiy yo te retounen yon jou. Men pou sila yo tankou Petra ki te konnen fanmiy yo te mouri, se te yon lòt sansasyon Yo tout te santi menm emosyon an. Yon kote yo te tris anpil pou fanmiy yo ki te mouri. Men yon lòt kote tou, yo te sèten fanmiy yo t ap kontan tou pou yo ta wè ti moun pa yo ap viv nan libète, nan demokrasi.

Sahara te rive di konsa. ‘‘Ah, ala kontan mwen ta kontan wè manman’m ak papa’m yon lòt fwa, men mwen konnen yo te toujou swete wè yon jou m ap viv nan libète, vwala m ap fè sa jodi a. Mwen sèlman swete yo te kapab la pou yo t ap viv moman sa yo tou. Men mwen kontan paske tout rèv yo te gen pou mwen ap realize, rèv pou yon jou mwen ta va grandi, viv nan demokrasi, pou chak jou mwen epanouyi nan libète!’’ Tout rèv ti moun yo ki te konnen fanmiy yo te disparèt yo, te pataje menm santiman sa. Yo te santi bagay yo jan Sahara sòt di l la. Yo t ap akonpli rèv fanmiy yo te gen pou yo, rèv pou viv nan demokrasi.

Gen yon jou, Sahara te bay yon lide. Li te pataje sa ak Petra.

Li te di l, ‘‘Ann fè sa pou fanmiy nou yo non, fanmiy nou pa genyen jodi a. Ann di tout ti moun yo ki san fanmiy yo, pou yo ta mete yon ti riban koulè jòn nan bra yo, menm pou yon jou nan semenn nan. Nou ka rele sa Ti moun riban jòn yo. Sa t ap montre nou toujou ap sonje yo EPI, sa t ap montre ankò nou kontan pou n ap viv nan libète’’ Li te sispann pale pou l te wè kisa Petra ta di nan sa. Petra t ap souri. Petra te renmen lide a.

Li te di, Sahara, sa se yon bèl lide tande ! Se ap yon gwoup pou nou sonje fanmiy nou yo ki te mouri an menm tan, epi tou, montre nou kontan viv vrèman nan demokrasi. Mwen renmen sa anpil.’’

Sahara ajoute, ‘‘Men gwoup sa li t ap la sèlman pou ti moun fanmiy yo te mouri yo.’’ Petra te dakò ak li. Yo te vle fè yon gwoup espesyal pou yo menm. Yon gwoup kote yo santi kisa chak nan yo santi.

Aprè lide a te fin diskite ant yo ki te gen fanmiy mouri yo, li te adòpte.

Petra te di, ‘‘Oke, chak Madi, tout moun ap mete riban jòn lan nan bra yo. Nou ta dwe ankouraje tout moun nan gwoup la pou ta fè sa. Ann fè sa a 100% non timoun !’’

Gen kèk nan ti moun yo ki pa t kontan paske yo pa t envite yo pou te mete riban jòn lan jou Madi a. Se vre yo te toujou ap espere fanmiy yo te kapab vini yon jou konsa, men yo te swete fè pati gwoup sa ki vle ,’’Si fanmiy ou te mouri, epi w renmen demokrasi, mete yon riban jòn nan bra w chak Madi.’’ Gen yonn ki te panse sa te kont demokrasi pou ta

gen yon mòd lavi ki pèsònèl ki pou yon gwoup moun, ki pa t pase nan vòt. Te gen anpil kòmantè ki te rive fèt sou dispozisyon pèsònèl sa a.

Men, apre te fin gen yon diskisyon ki te chofè anpil yon jou anvan yo te al manje, Nadesh te deside pase sa nan rizib. Li te trè serye sou sa, tout moun te kapab santi sa nan fason li te leve vwa li pou l te di. “ Sa n ap fè la a pa gen anyen kont lalwa ki ekri, moun ki fè lalwa pou nou yo te mete. Alòs sou pwèn sa pa gen pwoblèm. Dezyèmman, moun ki nan gwoup la nou ankouraje yo mete ti riban jòn lan nan bra yo, men yo pa oblije fè l si yo pa vle. Yo pa vyole okenn lalwa tou si yo pata rive fè l non plis. Nou pa ka mete pèsonn nan prizon si li ta refize mete l. Sa, se konsa sa ye ! Sa pa kont lalwa POU METE L, epi lalwa pa ka fè anyen kont sa tou si W PA METE L !” Apre sa, ak yon vwa ki kalm li ajoute,” Me kisa lide a ye, gwoup la gen dwa aji nan fason sa toutotan li pa vyole manman lwa peyi a.” (Ti Listwa-a ponkò fini....)

Aktivite a: Repete byen fò kesyon ki te poze nan paj anvan an. Separe ti moun yo apa, an ti gwoup. Mande yo, kilès nan fason yo ki te kont lalwa? (Sila ki te remòke bato lòt moun yo jiskaske li domaje a) Pouki sa sila (remòke bato yo ak domaj yo) pa aksèpte nan demokrasi? Pouki sa dispozisyon mete foula ble swa a, li mache ak demokrasi? Kesyon sa yo kapab jwenn repons yo nan pawòl la ki anba foto yo nan kòmansman prensip 16 la ki di “ nenpòt gwoup prive kapab fè aktivite l jan li vle a denpi li pa nan kontravansyon ak lalwa.” (Pratik patikilye moso nèj la pa kont lalwa) Gade foto a ak tioun yo ladan l. Pale de chak aktivite yo, yo chak genyen. (Sila yo k ap jwe boul yo mete rad ki taye pou sa, sila yo k ap danse a yo mete menm kòstim, epi tou, majorèt yo tou mete menm inifòm nan) Mande yo si yo janm wè yon jwè foutbòl mete sou li yon kòstim bizisman pou l jwe boul. Ou byen èske yo janm wè yon majorèt mete rad ki fèt pou chofè avyon ? Natirèlman yo pa janm wè sa. Èske yo te konn wè yon moun k ap danse, mete rad sòlda sou yo? Non, pa souvan. La a, mande yo,”èske si yon moun k ap danse ta mete yon rad sòlda sou li, ou byen si yon moun k ap jwe boul mete rad bizisman sou li sa kont lalwa konstitisyon an ?” (Non, si se yon tradisyon, men pa yon lwa, ka gen moun k ap jwe baskètbòl ki mete rad li vle, epi tou moun k ap danse yo mete kòstim yo vle tou, etc). “Èske gouvènman kapab fòse moun k ap jwe baskètbòl la ak moun k ap danse a pou suiv yon tradisyon pou rad ?” Non, li pa legal pou suiv tradisyon sa. Nan demokrasi nenpòt gwoup prive kapab aji nan fason ki fè l plèzi, men yo pa kapab fòse manb yo suiv li, ni non plis tou li pa ka kont lalwa.

Prensip 17: Manedjè yo pran desizyon enpi yo jere fonksyònman sosyete a apati vòt pèp la bay yo. Yo dwe fè sa dapre sa manman lwa peyi a deklare, ak tout lòt nouvo lwa ki vini apre manman lwa a te fèt. Jij yo la pou asire yo manedjè yo fè travay yo dapre sa lalwa di.



“Judges makes sure society is run by the law of the land”

Jij yo la pou asire yo ke sosyete a mache dapre sa lalwa di

Jij yo dwe asire yo manedjè yo fè tou sa yo dwe fè dapre sa lalwa di. Lalwa yo la, pou ede sosyete a mache byen. Manedjè yo responsab aktivite yo sosyete a ap fè chak jou. Se pou sa yo te vote yo. Men yo dwe fè l selon lalwa. Yonn nan detay yo, se rive bay moun djòb nan leta. Lalwa di kèlkeswa koulè po kò moun nan, li gen menm dwa pou l jwenn travay ak tout lòt kalite moun. Konsa, manedjè yo dwe resevwa moun yo ak nenpòt ki koulè po kò yo ta genyen, pou yo travay. Lalwa di tou lè yon moun gen andikap, sa pa ta dwe yon rezon pou anpeche moun sa travay. Tout manedjè yo dwe respèkte sa tou.

Si w pa respèkte lalwa, yo kapab ale nan tribinal pou wou, lè sa, jij yo ap oblije w respèkte lwa a. Jij yo la pou asire yo lalwa pèp la te vote yo, yo respèkte. Gen anpil lwa ki di kijan lajan yo dwe depanse. Genyen pi plis lalwa toujou ki pale sou kòman pou yo bay enfòmasyon sou lajan an ki depanse yo. Konsa pèp la ka gade nan papye enfòmasyon an, epi wè si manedjè yo onèt nan travay yo. Gen anpil lwa ankò manedjè yo dwe konsidere anvan yo pran nenpòt ki desizyon. Yo pa kapab fè bagay yo nan fason yo ta vle a. Nan demokrasi, manedjè yo dwe aji dapre sa lalwa di. Si yo pa fè sa yo kapab pa janm jwenn vòt pèp la ankò.

Ti Listwa a :

Prèske tout moun te dakò ak desizyon pou ti riban jòn lan. Men, se pa t tout. Yonn nan ti gason yo, Ramon, fanmiy li te mouri tou, te di, bay omaj ak fanmiy nou yo ki mouri yo tèlman enpòtan, ta dwe genyen yon lwa ki ta menm mande pou tout moun ki te gen fanmiy disparèt yo pou yo ta mete ti riban jòn sa nan bra yo chak Madi. Lè l te pale konsa, se te pou l te eseye fè moun k ap deside yo, ekzije nenpòt, swa ti fiy, swa ti gason, ki ta gen paran l mouri tou, pou yo ta fèmen l, kòm pinisyon, nan yon chanm tout jounen si li pa ta mete ti riban jòn sa chak Madi. Men sa pa t pase. Yo te konnen sa t ap kontrè ak tousa lalwa a deja di sou sa. Sètènman, lide sa t ap vyole lalwa sa ki deja di, ou ka fè nenpòt sa w chwazi fè a, denpi li pa antrave dwa lòt moun yo”. Li t ap petèt kont kèk lòt lwa tou. Men Ramon te toujou rete pa t satisfè, se konsa li te ale devan jij ak koze a. Li te di l ap gen pou l fè anpil brui ak tapaj, ak tout sila yo ki pa vle mete riban jòn lan, alòske li kwè yo ta dwe fè l. Li te kwè se li ki te gen rezon. Ramon te vle pou tribinal la te dakò


ak sa l vle a. Tribinal sa te fèt ak moun ki te eli ak vwa pèp la, pou di kisa yon lwa vle di, lè gen dezakò sou li. Pafwa, manedjè yo ta vle di yon lwa gen plizyè siyifikasyon, ak plizyè manedjè tou, ou byen sila ki pi senp la, ta vle di li vle di yon lòt bagay. Se pousa, tribinal yo te fèt ak jij ki la pou di ekzakteman sa lalwa di. Desizyon jij yo enpòtan, tout moun dwe respèkte sa. Jij yo trè pridan anpil ak sa lalwa di, yo dwe di ekzakteman sa yo ye a.

Jij la te di Ramon, “Ramon, ou pa kapab oblije moun yo mete ti riban an jan w vle l la. Sa ale kont sa lalwa di. Mete ti riban jòn sa nan bra yo, se yon bagay ki volontè. Li kapab yon bon lide, men li pa kapab vin yon lwa.”

Li rive jiska mande Ramon pou li ta sispann chèche lòt yo kont pou sa, paske moun yo pa dakò mete ti riban jòn lan jan l ta vle l la. Ramon sanble pa t kontan pou anpil jou apre jij la te fin di li lide l la te depaman ak lalwa. Li te pèdi devan tribinal la, li pa t kontan. Men li te konnen jij yo, se yo ki te mèt kesyon an, denpi se bagay lalwa k ap diskite. Finalman, annatandan dat fèt nesans Elena te rive, Ramon te rive poze san l, bay moun kanpo. (Ti listwa a ponkò fini...)

Aktivite a: Sa pral sanble ak yon ti pyès teyat tou piti. Eksplike elèv yo yo pral retounen pou reflechi sou sitirasyon yo t ap diskite a nan paj anvan an, kote (moun ki te gen koulè yo t ap chèche travay la), yo pral gen pou jwe wòl moun sa yo, yon fason pou yo ka fè eksperyans lan pi byen. Fè yo jwe wòl: (1) jij, (2) manedjè, (3) moun k ap chèche travay, (4) lapolis. Sa se tankou yon ti imaj sou kijan sosyete a fonksyone anba lalwa. Menm si se pa tout fasad yo ki ladan. **Sèn I :** Fè elèv ki nan wòl manedjè yo fè tankou yo ta nan reyinyon, epi yo ta deside pou rele moun pou vin travay nan lari a. **Sèn II:** Fè moun k ap chèche travay yo, yonn abiye an nwa, yon lòt ak koulè vèt, yon lòt mete koulè blan, ak yon lòt ankò ki ta mete koulè vyolèt sou li. Mande ti moun yo pou yo ta imajine moun yo ki pral chèche travay bò kote manedjè yo, se koulè yo ta ye tout bon vre. Chak moun sa yo kanpe yonn dèyè lòt, y ap mande travay. **Sèn III:** Nan yon ti RANKONT AKOTE ant manedjè yo, yo ta deside pou moun ki gen koulè vèt la pa ta jwenn travay. **Sèn IV:** Manedjè yo ta rele moun sa epi yo di l pa gen travay pou li, paske li se moun koulè vèt li ye a. Se konsa moun sa ale ak anpil desèpsyon. **Sèn V :** La polis vini pran manedjè yo, paske yo dezobeyi lalwa, yo mennen yo nan tribinal kote jij la. **Sèn VI :** Lè Jij la rive nan tribinal la, yo sonnen ti sonèt la, jij la di yo poukisa yo la (se paske yo pa kite moun koulè vèt la travay) epi li mande yo èske yo rekonèt yo koupab pou sa. Yo reponn li wi, nou santi nou koupab. Jij la di yo, yo pral gen pou peye \$5.000 pou sa. Konnyè-a, diskite ak elèv yo sou chak wòl yo, yo te jwe-a, yo kapab vle fè l ankò (ak lòt kalite patisipan) yon fason pou l ta parèt pi aklè pou yo. Mande yo èske yo wè sa jis nan demokrasi, pou manedjè yo ta fè sa yo dwe fè-a dapre sa lalwa mande yo? Ou kapab fini ak ti pawòl sa,” Nan demokrasi moun k ap òganize sosyete a dwe fè sa dapre sa lalwa di ki pou fèt.”

Prensip 18: Chak Pati Politik yo gen opinyon pèsònèl pa yo. Pèp la ka chwazi Pati li vle a.



Pèp la patisipe nan pati l pi renmen an

Pati politik yo enpòtan anpil nan lavi yon demokrasi. Gen moun tout kalite ki jwe divès wòl nan pati sa yo. Gen diferan opinyon tou sou ki kalite lwa ki ta dwe vote yo. Moun yo pa dakò tou ak kèk atitid gouvènman an genyen, lè l ap foure bouch li nan zafè sosyete a. Yo gen diferan pwendvi tou sou kijan peyi a ta dwe fonksyone ak vwazen li yo. Men tout opinyon sa yo gen valè yo! Nan demokrasi, yo fè echanj lide sa yo nan Pati politik yo. Si yon pati politik ta wè bagay yo yon fason, tout lòt yo pa oblije wè l menm fason an. Konsa, tout moun kapab tandè lide diferan yo. Moun yo travay anpil pou pati yo, pou yo fè pèp la tandè mesaj pati pa yo a. Yo fè piblisite, yo mete pankad nan lari, yo sèvi ak televizyon ak radyo, ak jounal tou. Yo mache douvan pòt chak moun pou pale ak moun yo nan vwazinaj la ak zanmi yo tou. Yo ranmase lajan nan non pati a. Yo fè tout sa yo konnen pou fè non lidè pati a rive lwen. Si yo konvenk anpil ak ase moun, lè yo vle fè yon lide pase, pandan yo gen konviksyon lide sa ta bon pou pèp la, li ka vin tounen lalwa, poutèt se pèp la ki ta vote li.

Ti Listwa a :

Sak fè Ramon te santi li te yon ti jan satisfè, se paske li te konnen li te pral mete sou pye pati politik pa li, ki te rele “Di l Jan l Ye a”. Dapre li, li ta pi bon pou moun pale chak lè yo ta santi yo te mal konprann yo. Ramon te gen pretansyon pou l vin yon lidè politik, konsa li te chwazi di sa l te panse. Li t p plenyen anpil sou koze ti riban jòn lan ki pou ta nan bra moun yo. Gen nan ti moun yo ki te di nèg sa renmen plenyen anpil. Gen kèk lòt ki t ap plenyen tou, yo ta l fè ti pil bò kote l, nan pati politik li a ki te rele “Di l Jan l Ye a”. Pou pati politik sa, lide a se” mete gason sou ou, pou di sa w panse”, se te yon bon bagay. Gen lòt tou ki te panse pati politik “DI l Jan l Ye a”pat yon pati ki brav ditou. Kanmenm, tankou tout lòt pati yo, Ramon ak tout lòt zanmi li yo t ap vane, nan afiche pankad, fè rankont, epi fè tou sa yo te kapab pou gen pi plis ti moun ki ta mache ak yo. Se jis lè Nadesh ak Petra te wè pati sa te vle grandi, yo te deside fè kichòy. Yo te rasanble tout zanmi pa yo tou.

Petra t ap di yo,” Pati ki rele” Di l Jan l Ye a” renmen plenyen anpil !” Li ap pale toujou, li di,” Tout sa y ap mache fè, se pale sa ki pa mache, y ap fè kritik. Yo pa janm vini ak kèk solisyon. Nou ta renmen yon pati politik ki gen solisyon yo !” Tout ti moun ki te bò kote l yo te bat bravo pou sa.

Nadesh bò kote pa l te bay lide sa a,” Ann rele pa nou an”Pati ki gen solisyon an”. “Se bon pou ka plenyen kèk fwa, men li toujou pi bon toujou, pou nou vini ak solisyon. Pèsonn pa ka ranje bagay yo ak plenyen tout tan !”

Sahara te di,” Nou kapab petèt chwazi sa pou slogan nou.” “Solisyon fè lajounen pi bèl.”

Tout gwoup la te renmen sa. Se konsa tout fanatik pati sa mache souvan nan reyinion yo, patisipe nan fè bandwòl, fè rasanbleman, nan fè tou sa yo te kapab pou lide pa yo te yo kapab aksèpte, pou moun yo vote yo lè elèksyon ta rive. Polemik la te chofe anpil ant de Pati sa yo, paske yo tou lede t ap chèche fè pèp la vote pou yo.

Gen yon jou, Nadesh te rive di Petra konsa,” Mwen pa t janm kwè moun yo ta travay di konsa pou Pati a,” “ Yo ta vle tout bon se lide pa yo ki pase, ou pa santi sa ?”

Petra te di l,”Mwen kwè sa tou.” “ Yo vin konprann travay pou pati a ka rive pote laviktwa, se sèl chans yo ta genyen pou ta fè lide pa yo pase. Pa gen anpil nan manb pan ou yo ki tp gen plas nan gouvènman an. Travay pou pati a se pi bèl chans pou fè tande vwa yo.”

Sahara, te di,”Ann ale non ! Ann retounen nan travay la,” “Nou pa ta vle lòt pati a pran devan nou ! Sonje byen, si se yo ki ta genyen, nou pral oblije viv dapre lide pa yo.” Konsa yo te retounen nan travay. Yo te swete anpil se pati pa yo a ki ta ranpòte laviktwa. Natirèlman, lòt pati pa Ramon lan te gen menm anbisyon sa tou, yo toulede te èspere pou se lide pa yo ki ta pote laviktwa. Toulede pati yo t ap jwé jwèt la ak prensip. Yo toulede t ap travay di anpil. Toulede ta vle genyen ! (Ti Listwa a ponkò fini....)

Aktivite a : Chwazi de elèv ki popilè nan sal la, fè yo chak kanpe nan yon kwen nan sal la. San lòt elèv yo pa tande sa, di yonn nan yo pou l di li reprezante pati “Travay la”. Ideyal pati sa se pou l kapab bay plis moun travay. Moun sa ap gen pou l pran la pawòl yon ti bout tan, pou l ta rive fè klas la chwazi pati pa l la. Apre sa, di lòt elèv la pou l di pati pa l la li menm rele Pati “La Sante ak bèl wout”. Pati sila vle pou gen la sante pou tout moun, ak bèl wout nan peyi a. Nan moman sa, ak kèk lide pa ow si se posib, ede chak pati sa yo pran lapawòl pou yo fè pwopagann pou tèt yo. Apre toulede ta fin pale, pran lapawòl ou menm tou, pou ka ede yon ti diskisyon sou diferans ki gen ant lide ak opinyon tou de pati sa yo. Elèv yo ka chwazi kilès nan pati yo yo ta vle suiv. Kanpe diskisyon an anvan menm yo ta komanse vle chwazi pati. Ekzèsis la pi bon toujou lè chak kan yo santi se pati pa yo chak ki pi fò. Rive fè elèv yo ale nan kwen sal la, kote pati pa yo a kanpe. Fè konnen ki kantite moun ki nan chak pati yo. Apre sa, fè elèv yo retounen nan plas yo. Eksplike yo ki sa lòt etap la ta dwe ye, si pati sa yo te pati politik tout bon, pou yo ta

ale nan vilaj la pou eseye pale ak moun yo, pou yo ta vin jwenn pati pa yo, pou yo (1) ta vote kandida pa yo nan elèksyon, epi, (2) sipòte lide yo ta bay pou vin tounen lwa.

Aprè, diskite sa ak yo nan klas la. Mande yo, èske se te yon sipriz sa te ye pou yo paske pat gen menm kantite moun nan tou de gwoup yo ? Ki lòt kalite lide yon pati politik ka adòpte pou l fonksyone ? Ki kalite metòd ak teknik ki kapab sèvi pou konvenk moun yo pou yo ta rive sipòte kandida yo ak lide pati a ? Èske tou de pati yo te fè sa byen ? Èske te gen kèk lide yo te renmen nan chak pati yo ? Lè w ka deside ki pati w ta vle sipòte, se yon ekzèsis nòmal nan demokrasi. Tout bagay la se kijan moun yo sèvi ak pouvwa a.

Me finisman istwa a :

Lè fèt nesans Elena a te prèske rive, touede pati yo te kanpe aktivite pwopagann yo. Yo te bezwen yon ti kanpo aprè tout aktivite fè pwopagann la. Toulede te mete yo dakò pou te sispann aktivite kanpay la pou yon senmenn, òganize yo pou yo te fè lòt kalite aktivite, pou te prepare fèt nesans Elena a. Fèt la te vrèman bèl, byen pase ! Te gen alaverite anpil bon manje. Epi tout ti moun yo te byen abiye pou okazyon an.

Sa te rive fè yon doub fèt poutèt Nadesh ak Petra, paske yo te nan kay la pou plis pase yon lanne konsa. Ti pate yo te bon anpil. Aprè yon lòt ankò, Nadesh t ap panse ka kaptenn batiman an ak matlòt li yo, ki te touye tout fanmiy li yo, ki te gen move jan ak yo a. Anpil tan te gentan pase deja, men li t ap reflechi sou sa. Li pa t fasil pou l te sonje tou sa ki te pase li menm ak Petra. Ki kalite ane sa papa ! Yon bon pati ladan pa t bon pou nou ditou. Gade, kijan lòt pati a vire anfavè nou, li bon pou nou.

Petra te mande l, ” Sou ki sa w ap panse la ? ”

Ebyen, Nadesh di l, ” Mwen t ap panse sou karaktè kaptenn lan ak matlòt li yo ki pa t gen bon jan ak nou. Epi tou, sou tout lòt kalite bagay ki te rive nan lavi nou. Men ou konn sa k pase, Petra, omwen, ” gran mounn kaptenn nan te gen rezon sou yon bagay. ”

Petra mande l, ” kisa li ye ? ”

Nadesh di l, ” Enben, li pa t gen rezon pou te fè fanmiy nou sa, ni nou menn tou, men mwen vle kwè li te wè klè, lè m te tande l t ap pale, jou aswè sa, ak chèf matlòt li a. Yonn nan sa l te di, m sonje, li te di konsa tout moun ta renmen viv nan demokrasi. Sonje, se akòz de sa ki fè li te vin depoze nou isit la. ”

Petra te reponn, ” Mwen kwè w gen rezon ” ” Mwen konnen mwen renmen viv nan demokrasi vre. E dapre sa konnen ankò, se ideyal ak rèv tout lòt moun yo tou. ”

Se la, se konsa tou ” Ti Listwa-a Nadesh ak Petra ” fini.

Konpliman ak remèsiman tou pou Mesye Jerry Dean

Se te yon gran privilèj pou nou, pou n te kapab patisipe nan yon gran aktivite konsa, pou n te kapab ede simaye plis konesans sou demokrasi nan mitan peyi pa n nan tou, peyi dayiti, kote sanble batay pou demokrasi a ponkò prèt pou ta tanmen, tèlman nou alanvè. Nou di ayibobo pou doktè Jerry Dean ak tout kòlèg li yo, pou gwo travay sa. Anpil ipokrit lakay nou, lè y ap regle zafè pèsònèl pa yo, yo monte sou do chwal demokrasi a pou yo tire pwofi. Denpi plis pase demi syèk n ap pale de demokrasi, pèsonn pa ka di nou poukisa li difisil konsa pou rive nan sosyete nou an. Anpil pale fèt, sèten di se politik ki lakòz, lèzòt di se lanmizè. Nèg diskou fasil yo menm, yo di se paske pèp la gen majorite ladan l ki analfabèt, ki fè nou nan difikilte konsa. Yo deklare ankò se kilti vodou an ki anpeche sa fèt, konmsi yo rèspektè lalwa pi byen pase sektè sa yo. Sepandan, yo toujou vle fè kwè ke nèg ki li nan gwo liv yo toujou gen solisyon nan tèt yo. Chak kandida ki gen, chak pati politik, se otan solisyon ki gen pou peyi sa. Denpi lontan se yo ki toujou ap di pèp la annavan. Men annavan se pifò bak annaryè ki fèt. Lè sa pa bon, yo bliye se yo ki te gen pi bèl pwogram pou chanjman sosyete a. Malerèzman, chanjman sa yo pa janm bon pou pèp la. Enben, men yon zouti pou bay je klere ak bonjan enfòmasyon ak metòd pou akonpanye popilasyon an. Si nou pa regle koze a ak ti moun yo jodi a, pi devan sa pral pi rèd.

Yonn nan pi gwo tèt chaje ki toujou mete barikad sou wout demokrasi pa bò isit, se paske nou kòmanse bagay yo douvan dèyè. Si pa gen bonjan sistèm lajistis ki mete sou pye, pou pèmèt tout moun kèlkeswa sa li ta ye a, rèspektè lalwa, nou ponkò prèt ni pretan pou nou wè demokrasi, nou fèk kare ap pèdi tan nou. Se sèl respè pou lalwa ak pou dwa moun, ki kapab retire nou kote nou ye la a. Men malgre sa, tout bagay pap fini. Nou swete liv sa va sikile anpil, li va yonn nan opòtinite yo pou enspire otorite nou yo, fanmiy yo, asosyasyon nou yo, sosyete sivil la, lekòl yo, pati politik yo, inivèsite nou yo, envèstisè nou yo, ak tout lòt kalite gwoupman ki ekziste sou teritwa sa, pou anfen nou rive konprann solisyon peyi sa pa nan men yon sèl moun, men nan men nou tout. Se yon nesite pou nou obeye ak rèspektè lalwa. Se lè nou va chwazi pou rèspektè moun ak dwa yo genyen, nou kapab èspere viv nan dmokrasi tout bon.

Konpliman pou wou paske w deside fè chwa pou rantre nan batay la. Pa bliye w gen obligasyon pou ankouraje lòt moun fè menm jan ak wou. Ayibobo pou nou tou t.

**Moun ki fè tradiksyon an se
Rosemont Fabien ak Doktè W. Polycarpe**